

Mugiyana, B.A.
Siswadi, B.A.
K.Hisyam Budya Mardawa, B.A.

MARDI BASA LAN SASTRA



JILID

1

kanggo SMP



Penerbit & Toko Buku

"TIGA SERANGKAI"

Jl. Hayam Wuruk 11 B Telp. 4344 - 4778 Solo.



Dina

22/7'87.

MARDI BASA LAN SASTRA JAWI

Cetakan ke-1 : Desember 1977
Cetakan ke-2 : Februari 1978
Cetakan ke-3 : September 1979
Cetakan ke-4 : Desember 1980
Cetakan ke-5 : Agustus 1981
Cetakan ke-6 : Januari 1982
Cetakan ke-7 : Agustus 1983
Cetakan ke-8 : Januari 1984
Cetakan ke-9 : Juli 1984

Mugiyana, B.A.
K. Hisyam Budya Mardawa, B.A.
Siswadi, B.A.

MARDI BASA LAN SASTRA JAWI

(Mbs)

1

Kangge ing SMP klas I


Cetakan ke-9
1984



Penerbit & Toko Buku

"TIGA SERANGKAI"

Jl. Dr. Supomo (Jl. H. Wuruk) 11B Telp. 4344 - 4778 Solo



B E B U K A

Alhamdulillah "Loka Karya Guru Bahasa Daerah SMP - SMA Negeri Bidang PMU Kanwil Dep. P dan K Propinsi Jawa Tengah tanggal 7 s/d 10 Juli 1977 di Tawangmangu" sampun kasil ndhapuk GBPP Basa Jawi kangge ing SMP lan SMA.

Wontenipun GBPP kasebut, mila lajeng kraos betahipun buku wulangan ingkang laras kaliyan GBPP wau. Awit saking punika kula sakanca ingkang kala semanten tumut cawe-cawe ndhapuk GBPP, rumaos kajibah ndhapuk buku wulanganipun.

Kanthi suka sukur ing ngarsanipun Gusti Inkang Mahamirah, kula sakanca sampun rampung ndhapuk buku :

- a. Mardi Basa lan Sastra Jawi 1
- b. Mardi Basa lan Sastra Jawi 2,

ing pangajab kenginga kangge cepengan lare-lare ing SMP klas I lan II.

Kula sakanca pitados, bilih buku punika taksih kathah kirang lan cewetipun. Pramila panyaruwenipun para kadang sutresna basa lan sastra Jawi kula tampi kanthi bingahing manah lan matur gunging panuwun.

Ing wasana kula sakanca ngaturaken gunging panuwun datheng penjenenganipun :

- a. Bapak Drs. Sudarsono, Ka Bidang PMU Kanwil Dep. P dan K Propinsi Jawa Tengah,
- b. Bapak Sumanto, B. A., Pengawas Bidang PMU Kanwil Dep. P dan K Propinsi Jawa Tengah (Ketua Panitia Penyelenggara Loka Karya).

ingkang sampun kepareng paring pitedah lan pangestu tumrap karampunganing damel punika.

Semarang, 28 Oktober 1977

Para pendhapuk



DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
KANTOR WILAYAH PROPINSI JAWA TENGAH

Jl. Pemuda No. 134 Semarang

Telpon Ka Kanwil : 285302, Umum : 285301 Telex : 22262 PK WIL SM.

KATA PENGANTAR

Rapat Kerja/Loka Karya Guru-guru Bahasa Daerah SMP — SMA se-Jawa Tengah di Tawangmangu tanggal 7 — 10 Juli 1977 telah berhasil menyusun GBPP Bahasa Daerah. Rapat Kerja/Loka Karya tersebut dilanjutkan di Salatiga pada tanggal 1 — 3 Juli 1980, dengan tujuan menyempurnakan GBPP Bahasa Daerah hasil Rapat Kerja/Loka Karya Tawangmangu.

Sebagai realisasi harapan yang tertuang di dalam Kata Pengantar dalam rangka menyambut kelahiran GBPP Bahasa Daerah tersebut, maka terbitnya buku "MARDI BASA LAN SASTRA JAWI 1, 2, 3" untuk siswa SMP kelas I, II, dan III ini pantas disambut dengan gembira.

Terbitnya buku "MARDI BASA LAN SASTRA JAWI 1, 2, 3" hasil karya Sdr. Mugiyono, B.A. dkk. (tim yang menangani GBPP Bahasa Daerah itu sendiri) merupakan pelaksanaan operasional GBPP Bahasa Daerah, dan sebagai salah satu sarana guna mewujudkan harapan yang terkandung di dalam Kata Pengantar kelahiran GBPP Bahasa Daerah di atas.

Atas dasar uraian di atas, maka buku "MARDI BASA LAN SASTRA JAWI 1, 2, 3" ditetapkan sebagai buku pelajaran wajib pegangan siswa SMP di seluruh Jawa Tengah.

Semoga harapan di atas dapat terwujud, demi pembinaan dan pengembangan Bahasa dan Kebudayaan Nasional pada umumnya, serta perwujudan identitas Jawa Tengah pada khususnya.

Semarang, 6 Juni 1984
Kepala Kantor Wilayah,




DRS. SOEJATTA
NIP 130430070

Daftar Isi

Bebuka	5
Wulangan I	9
Wulangan II	17
Wulangan III.	27
Wulangan IV	35
Wulangan V	45
Wulangan VI	53
Wulangan VII	61
Wulangan VIII	69
Wulangan IX	77
Wulangan X	85

W U L A N G A N I

I. A. Pacelathon

Tindakna !

Lulus Ujian SD

- Bapak : "Piye, Le, ujianmu SD lulus apa ora ?"
- Teguh : "Pangestunipun Bapak Ibu kula lulus, Pak."
- Ibu : "Sokur ta, Le, dadi ora ngilang-ngilangake nggonmu nggentur sinau."
- Teguh : "Inggih, Bu, nanging sedaya wau awit saking daya pangestunipun Bapak saha Ibu."
- Bapak : "Pancen ora kleru panemumu kuwi. Ewasemono kabeh mau yen ora sarana kosetiyari uga ora bisa kecekel gegayuhanmu."
- Ibu : "Aku cocog, Pak, ngendikane Bapak kuwi. Bukti-ne akeh ^{20%} wae wong tuwane dhemen marang prihatin, ning anake seneng ubyang-ubjung, grudag-grudug, nyatane ya ora dadi uwong ki. Bareng wis gedhe malah ngrekasakake wong tuwa."
- Teguh : "Inggih, inggih, Bu. Ibu punika leres sanget. Kanca kula ingkang boten lulus lare tiga. ^{Punika} Punapa sadaya lare nakal tur kesed. Kula ngantos mesakaken, tiyang sepuhipun saben dinten dipun timbali dhateng sekolahan."
- Bapak : "Mula, Le, kabeh mau rak gumantung marang tekade bocah, ta. Ya ngono apa ora, Bu ?"
- Ibu : "Lha ya genah ngono. Disurung-surunga kaya ngapa yen bocahe mogok ya sida ora dadi tenan. Rak iya ta, Le ?"
- Teguh : "Kadospundi, Bu, anggen kula badhe matur.

Rumaos kula ngendikanipun Bapak Ibu punika leres sedaya. Dhasar larenipun majeng, tiyang sepuhipun nyurung, temtu wohipun marem-aken."

Bapak : "Anu, Bu. Apadene kowe, Le. Kandhamu kuwi bener. Sanajan mangkono, kabeh mau titah mung bisa setiyar, bab klakone ana astane Sing Murbeng Dumadi. Mula ayo padha tansah nenuwun lan ngaturake panuwun marang Gusti Kang Akarya Jagat. Lan, aja lali tansah sumungkem."

Ibu : "Iya, Pak, aku tansah ndherek ngendikane Bapak kuwi."

Teguh : "Inggih, Pak, dhawhipun Bapak Ibu tansah kula estokaken."

B. Ukara-ukara iki wacanen, aksara kang katulis dhoyong kedalna kang trep !

1. *Inggih inggih, Bu, Ibu menika leres sanget. Ih, kapok kowe saiki !*
2. *E, aja lo, esuk-esuk aja mangan rujak !*
3. *Ah, kok ngono, ora apik kuwi !*
4. *Eh, emoh aku !*
5. *O, ngono kuwi ta dadine. Ora ngira aku.*

II. Maca titi

A. Wacanen batin !

Lulus Ujian SD

Pak Pamuji panggesanganipun bakul. Gadhah toko, sanajan alit nanging pepak. Menapa ingkang dipun betahaken bebrayan ing ngriku boten mangsulaken. Tumrap ing dhusun tokonipun Pak Pamuji sampun kalebet ageng lan mitulungi sanget.

Kabetahanipun sedherek tani dipun sedhiyani. Kadosta,

wiji kacang, rabuk, lan obat ama taneman.
Kabetahanipun lare sekolah ugi dipun cawisi. Kadosta,
potelot, setip, garisan, lan buku tulis.
Kabetahaning pawon ugi boten towong.
Gampilipun kabetahaning agesang padintenan sedaya wonten.

Pak Pamuji gadhah momongan kalih, kedhana-kedhini.
Ingkang ageng jaler, nama pun Teguh Purwadi. Adhinipun
estri nama Atik Wahyuni. Teguh Purwadi sekolahipun
mempeng, ngertos unggah-ungguh, dhateng kanca semanak,
boten sugih ginem, nanging ugi boten amem. Polatanipun
tajem, nanging boten nyengit. Pasemon semu sumeh, nanging
boten mirah gujengipun. Kengeng kawastanan lare anteng,
nanging boten anggak.

Taun punika Teguh Purwadi lulus ujian SD. Bijinipun
sae, malah kalebet onjo piyambak.
Tiyang sepuhipun kekalih merdi sanget pasinaoning anak.
Anggenipun ngawat-awati saestu, mila wohipun inggih
maremaken.

B. Pitakon-pitakon iki wangsulana kang luwes !

1. Sing dicritakake iku kulawargane sapa ?
2. Kepriye kulawarga mau pamerdine marang putra ?
3. Coba critakna watak-wantune Teguh Purwadi !
4. Kepriye ujian lan bijine Teguh Purwadi ?
5. Maju mundure pasinaon iku gumantung sapa ?

III. Kawruh basa

A. Tuladha :

- a. Tiyang sepuhipun *merdi sanget* pasinaoning anak.
- b. Tiyang sepuhipun *nggegulang sanget* pasinaoning anak.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Kecepengipun gegayuhan kedah sarana *setiyar*.
2. Mugi-mugi Pangeran Inggang Maha Agung angijabahi inggang dados *esthining manah* kula.
3. Lare nakal, senengipun ubyang-ubung, *tundonipun* badhe rekaos gesangipun.
4. *Pituwasipun* lare sregep lan tlatos badhe sekeca gesangipun ing tembe wingking.
5. Pamarentah boten kendel-kendel anggenipun mbudidaya *ngulir budi* ndandosi panggesanganipun rakyat.
6. Inggang *kula peleng* sageda nampi piwulang kanthi patitis.
7. Ewadene kula boten badhe *nglokro*, taksih badhe setiyar sadumuginipun.
8. Tetiyang manca inggang sami dhateng ing negari kita temtu *kasengsem* dhateng endahing alam.
9. Patih Gajah Mada tansah mbudidaya amrih pulo-pulo ing saindenging Nusantara sageda lumebet ing *wewengkonipun* krajan Majapait.
10. Sinten kepengin gesang ayem lan tentrem, kedah *karem* dhateng kesabaran.

B. Tuladha

- a. Pak Pamuji gadhah momongan kalih, *kedhana-kedhini*.
- b. Pak Pamuji momonganipun kalih *jaler lan estri*.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Pak Mantri putranipun kalih, *uger-uger lawang*.
2. Pak Ilyas gadhah momongan kalih, *kembang sepasang*.
3. Putranipun pak Camat tiga, *sendhang kapit pancuran*.
4. Putranipun bulik tiga, *pancuran kapit sendhang*.
5. Bapak putranipun gangsal jaler sadaya, tiyang-tiyang mastani *pandhawa*.

6. Adhi kula Sri lan Sadana punika *dhampit*.
7. Kangmas kula, mas Samsu lan mas Surya, punika *kembar*.
8. Pakdhe putranipun *ontang-anting*, inggih punika mas Panuju.

C. *Tuladha* :

- a. Kula cocog, Pak, *ngendikanipun* Bapak punika.
- b. Aku cocog, Pak, *ngendikane* Bapak kuwi.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Nalika embah *rawuh* bapak saweg kemawon badhe mapan *sare*.
2. Kula *dipun utus* bapak *ngaturaken* serat dhateng Pak Lurah.
3. Sasampunipun serat *dipun waos* kula *kadhawuhan* wangsul.
4. Sawangsul kula *sowan embah*, kula sakit kawan dinten.
5. Ibu *ndangu*, punapa kula sampun sinau.
6. Pak Guru *ngendika*, lare-lare boten *kepareng* jajan saenggen-enggen.
7. Bu Guru *duka*, jalaran lare-lare kesupen boten mbekta atlas.
8. Pak Mantri *ngagem kaca tingal* cemeng, amargi *pe-ningalipun gerah*.
9. Bapak *mriksani* ringgit tiyang, kula *ndherek*.
10. Kula *dipun timbali* Pakdhe, jebul namung badhe *dipun dukani*.

D. *Tuladha* :

- a. Polatanipun tajem nanging boten *nyengit*.
- b. *Nyengit* menika lingganipun *sengit*, angsal ater-ater any.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. *Nyuwun* pangapunten kala wingi kula boten mlebet sekolah jalaran sakit.
2. Punapa kula kepareng *nyathet* sapunika, Pak Guru ?
3. Bapak tindak toko *mundhut* koran.
4. Lare-lare *mbekta* pirantos kangge kerja bakti.
5. Pardi pados genter badhe kangge *ngundhuh* jeram.
6. Purwadi menika lare mbangun miturut lan *nggega* sadaya pitedahipun tiyang sepuh lan gurunipun.
7. Tanemanipun kates dipun upakara saestu pramila wohipun *ndados*.
8. Tiyang sepuh ingkang ngertos tanggel jawab, temtu badhe *ndhadha* sedaya lepating anakipun.

Katerangan :

"*sengit*" iku jenenge tembung lingga.

"*nyengit*" iku diarani tembung bandhahan.

"*an, ang, any, am*" iku diarani *ater-ater*, jenenge *ater-ater anuswara*.

E. Anak linuwih prasasat tanpa cacad iku diparibasakake
"Anak anung anindhita."

Ukara-ukara ing ngisor iki wacanen sarta satitekna tegese paribasan kang tinulis dhoyong !

1. Ora-orane watake Diran anggone seneng njejaluk iku bisa mari, awit paribasane wis *ciri wanci lelai ginawa mati*.
ewa
2. Aja kaya si Hartana kae, watake kadang konang, sing diaku sedulur mung sanak sedulure sing sugih.
3. Aku ora ngira menawa Mursid karo Saleh iku *sedulur tunggal welad*, dakkira wong liya jebul sedulur tunggal bapa biyung.
4. Kuwi jenenge *mbidhung api rowang*, rewa-rewa aweh pambiyantu, nanging sejatine nedya maeka.
ethok-ethok / juru
maeka
musuh

W U L A N G A N II

I. A. Pacelathon

Tindakna !

Katampi Mlebet ing SMP

Teguh : " Bu, Bu, kula dipun tampi, Bu."

Ibu : "Guh, ngapa kowe kok bengok-bengok saka dalam kuwi. Ora apik ya, Guh. Matur Ibu kok ngono carane. Kowe yen matur Pak Guru ya ngono kuwi ta ?"

Teguh : "O inggih, Bu, kula kesupen. Saking bingah-bingahipun lajeng boten mawi tata krami, inggih Bu. Nyuwun pangapunten."

Ibu : "Ya wis ora dadi apa. Tujune karo Ibu. Suk maneh diati-ati ya, Lik, mundhak kepatuh." dadi paku

Teguh : "Inggih, Bu, kula estokaken. Wonten pundi-^{linan} pundi kula boten nate kok, Bu."

Ibu : "Ya sokur ta, Le. Dadi kowe ora gawe isine wong tuwamu. Ana apa ta kok sajak kusung-^{ter ges} kusung kuwi ?" kesusus kemrungsun

Teguh : "Anu, Bu, angsal pangestunipun Ibu dalah Bapak kula lulus testingipun mlebet SMP."

Ibu : "O iya ta, Le. Dadi kowe wis ketampa. Wah, bagus tenan kowe, pinter tenan kowe, Le."

Teguh : "Wah, wah, Ibu ki kok ngalem adu arep. Ngantos siin, Bu, Kula." ^{memuji} berhadap an

Ibu : "He, apa kuwi, siin ki basa apa. Ibu ora ngerti basa manca. Kemaki, Lik, ibune dijak cara apa kuwi." ^{basane bangsa liya}

Teguh : "Hi, hi, hi, Sampun duka inggih, Bu. Siin menika walikan, leresipun isin."

Ibu : "Hara ta, Ibu dijak ^{sembranan, gojegan} glenyengan. Bocah athik." ^{kok}

Teguh : "Sampun duka lho, Bu, mangke mindhak ketingal sepuh kados eyang. Marakke Ibu ki ndadak ngalem barang. Kula isin ngaten."

Ibu : "Ya wis, ya wis, yen ora gelem dialem ya ora apa-apa. Mengko ^{dae} wae yen Bapak Wis kondur dakaturake. Kowe nyuwun hadhiyah apa, Lik ?"

Teguh : "Sampun ^{terserah asek arep, mangsa padha} nyumanggakaken keparengipun Ibu. Boten inggih boten menapa-menapa." ^{bunapa - panapa}

B. Ukara-ukara iki wacanen, aksara kang katulis dhoyong kedalna kang trep !

1. O, inggih, Bu, kula kesupen.
2. Anu, Bu, angsal pangestunipun /bu kula lulus.
3. Wah, wah, /bu ki kok ngalem adu arep.
4. E, ya sokur ta, Le, Bapak /bu bungah banget.
5. Iya iya, kuwi kabeh kanugrahaning Allah Kang Maha Kuwasa.
6. Ora liwat padha gedhekna iman, tawakal lan sumungkemmu marang Allah Kang Maha Asih.

II. Maca titi

A. Wacanen batin !

Katampi Mlebet ing SMP

Wacanane kaya inggih diarani prosa/ganda

Sasampunipun lulus ujian SD, Teguh Purwadi lajeng cepak-cepak prabot kangge mlebet ing SMP. Piyambakipun ndhaftaraken kalih panggenan, inggih punika ing SMP Negeri I tuwin ing SMP Negeri IV. Perlunipun, bokmanawi satunggal boten katampi, saged katampi ing satunggalipun.

Rehning para lulusan SD punika cacahipun kathah sanget, pramila boten sadaya saged katampi ing SMP Negeri. Kangge nyaring supados adil, boten emban cindhe emban siladan,

SMP ngawontenaken testing.

Teguh pancen lare pinter, sregep lan mugen. Salaminipun ngadhepi testing boten nate medal saking griya. Kajawi manawi dipun utus tiyang sepuhipun, Teguh boten suwala, sarwa inggih, boten nyulayani. Makaten punika adamel maremipun tiyang sepuhipun kekalih. Mila, Pak Pamuji sekaliyan saya ketingal gematosipun. Salebetipun Teguh nggentur sinau boten nate dipun srempil baunipun.

Rinten dalu Pak Pamuji sekaliyan boten kendhat anggenipun nyenyuwun nugrahaning Pangeran Inggang Murbeng Dumadi, pun Teguh sageda kadumugen gegayuhanipun.

Saestu, testingipun Teguh lulus, saged katampi ing SMP I lan ugi ing SMP IV. Purwadi lajeng milih salah satunggal. Sepinten bingahing manahipun Pak Pamuji tuwin ibu, boten kenging kagambaraken. Semanten ugi Teguh Purwadi bingahipun tanpa upami, awit rumaos tampi kanugrahan agung. Tiyang sagriya boten kesupen ngaturaken panuwun dhateng Gusti Inggang Maha Asih.

B. Pitakon-pitakon iki wangsulana mawa basa krama kang patitis !

1. Sawise lulus ujian SD Teguh Purwadi banjur kepriye ?
2. Geneya Teguh Purwadi ndhaftarake ing rong sekolahan?
3. Geneya SMP nganakake testing ?
4. Kepriye sinaune Purwadi sajrone ngadhepi testing ?
Lan, kepriye tangkepe wong tuwane sakloron ?
5. Sepira bungahe Pak Pamuji sakulawarga bareng Teguh lulus testinge ?
6. Pak Pamuji sakulawarga banjur padha ngapa ?

III. Kawruh Basa

A. Tuladha :

- a. Rinten dalu Pak Pamuji sekaliyan boten kendhat anggenipun nyenyuwun nugrahaning Pangeran Inggang Murbeng Dumadi, pun Teguh sageda kadumugen gegayuhanipun.

lumekati ng > lumekeng.
sudira + ing > sudiraing.
mulba + ing > mulbaing.
Rina bengi

gawen suwala
boten kendel
orakeren

b. Rinten dalu Pak Pamuji sekaliyan boten kendel anggenipun nyenyuwun nugrahaning Pangeran Ingkang Murbeng Dumadi, pun Teguh sageda kadumugen gegayuhanipun.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Teguh punika lare pinter tur *mugen*.
2. Menawi dipun utus tiyang sepuhipun Teguh boten nate *suwala*.
3. Makaten punika adamel *maremipun* tiyang sepuhipun kekalih.
4. Pamedalipun sakedhik nanging *dipun gemeni*, mila gesangipun ketingal ayem lan tentrem.
5. Sampun wongsal-wangsul kula emutaken, nanging boten *ngrewes*.
6. Pak Taru *taberi* ngolah sabinipun, pramila sanajan boten wiyar pamedalipun cekap kangge gesang tiyang sabrayat.
7. Pak Dhokter *tlatos* sanget anggenipun ngupakara pasienipun.
8. Anggenipun momong anak tilaranipun sedherekipun *gematos* sanget, boten beda kaliyan pangemongipun dhateng anak-anakipun piyambak.

B. Tuladha :

Teguh punika lare *pinter* tur *mugen*, dene pun Juned *bodho* tur *kesed nyambut damel*.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Duryat punika lare *andhap asor*, dene adhinipun.....
2. Wasis *majeng* pasinaonipun, dene Muhtar radi
3. Siti punika tangkepipun dhateng sinten kemawon *semanak*, beda sanget kaliyan mbakyunipun, tiyang-tiyang sami mastani

20 nara + indra > narendra

Sarwa + indah > sarwendah

maha + ambeg > mahambeg

sesalya + adi > sesatyadi

Maha + i... > ...
Siti + inggil > sitinggil

Contohnya garba sastra

mungguh + ing > mungging
jalu + esthi > jaluesthi

4. Ibu *sugih ngendikan*, bapak radi
5. Iwan punika lare *clingus*, dene adhinipun
6. Bapakipun *sampun seda* setaun kepengker, kantung ibunipun ingkang
7. Tiyang sepuh temtu *adil* dhateng putra-putranipun, sekedhik kemawon temtu boten gadhah raos
8. Niyat kula sampun *kenceng*, babar pisan boten
9. Tiyang ingkang *luhur* bebudenipun temtu *kajen keringan*, beda kaliyan tiyang ingkang, temtu

C. *Kangge nyaring supados adil, boten emban cindhe emban siladan, SMP ngawontenaken testing.*

Wacanen lan setitekna tegese paribasan ing sajroning ukara ngisor iki !

1. Kuwi jenenge *tulung menthung*, kandhamu tetulung nanging sejatine malah saya gawe rekasane wong sing kotulungi.
2. *Nyolong pethek* temenan si Wanti kuwi, dakkira bocah amem jebul bareng wis gelem omong ora bisa diselani.
3. Kowe kuwi saben-saben mesthi *kebat kliwat*, tuman-dangmu kesusu wusanane malah kleru.
4. Si Dul kae cacade siji, yakuwi *jalukan ora wewehan*, gelem njejaluk ora tau gelem weweh.
5. Aja kandha ora saguh lan ora bisa, *kalah cacak menang cacak*, lakonana dhisik.
6. Kowe kuwi jenenge *keplok ora tombok*, melu seneng-seneng ora melu cucul ragad.
7. Katone ngalembana naging bareng dakrasak-rasakake jebul malah ngremehake, kuwi jenenge *njunjung ngentebake*.
8. Uripe *ketula-tula ketali*, tansah nandhang cilaka.

Ratu + agung > ratuagung
logi + antuk > logiantuk
sawit + arjaget > sawitarjaget

9. Wong tuwa paribasane *tut wuri andayani*, nyekarep pepenginane anak, nanging tansah mulat lan ora kendhat awèh peling lan pitutur.
10. Anggone dhemen tetulung iku pancen wis dadi watake, ora jalaran duwe pamrih, paribasane *sepi ing pamrih rame ing gawe*.

D. Tuladha :

- a. Mengko wae yen bapak wis kondur *takaturake*.
- b. Mangke kemawon menawi bapak sampun kondur *kula aturaken*.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Buku wacan *kagungane* Pak Guru iki *diparingake* aku.
2. Dhek wingi embah *tindak* rene *mundhut priksa*, kapan budhalku.
3. *Kondure* embah nitih sepur aku *ndherekake* tekan setasiun.
4. Bapak *gerah padharan*, *dhahare* kudu sarwa alus.
5. Aku arep *sowan* Pak Guru, arep nyuwun ngampil buku wacan.
6. Mau bapak meling, yen tamune *rawuh* aku *didhawuhi* nemoni.
7. Ana ing Bali bapak *nyare* ing *daleme* pakedhe.
8. *Ngendikane* dhokter, *gerahe* bapak iku jalaran kakehan *lenggah* kurang olahraga.
9. Ibu arang banget *duka*, *duka-duka* mung yen bocah-bocah padha kesed sinau.
10. *Midhanget* aturku iku sanalika ibu *muwun*.

→ menangis.

E. Tuladha :

Teguh

pinter.

sregep.

ageng inggil.

sinau.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Adhi kula
.....
.....

2. Ibunipun
.....
.....

3. Buku kula
.....
.....

4. Toyanipun
Banyu
.....

5. Redi punika
Gunung
.....

6. Agemanipun bapak
.....
.....

7. Titihanipun pak guru
↓
tunggangan
.....

8. Suwantenipun Andri
↓
swara
.....

9. Marginipun
 dalan
10. Sekolahan kula ... *nggal → an. yar.*

Katerangan :
 Teguh sinau. "Teguh" jenenge *jejer*, "sinau" jenenge *wasesa* utawa *andharan*.

IV. Kasusastran

Wacanen kang patitis !

Sapada {
1 untai /
1 bait /
1 kuplet

Apa kang wus kebanjur.
 Wus ora bisa wurung.
 Puluh ditutuh-tutuha
 Diumpah-umpah apa diundhamana
 Tuwas mung muwuhi cuwa.
 Marmane kang prayitna
 Siyagaa
 Aja nganti kedadak dening bebaya.

guritan (puisi)

(Sastra Gitawicara I)

V. Nulis Aksara Jawa

1. *Tulisen sing apik dentawyanjana aksara Jawa, ganep sa-sandhangane !*
2. *Tulisen nganggo aksara Jawa !*
 - a. Suryadi menyang toko toko kaca mata.
 - b. Anggana sinau maca Jawa.
 - c. Jarene adhine *Subali lara*, apa nyata.

W U L A N G A N III

I. A. Pacelathon iki tindakna !

Dadi Murid SMP

- Teguh : "Dhik, dhik, bapak apa wis kondur ?"
- Atik : "Durung ki, Mas. Kok nggoleki bapak ana apa ta ?"
- Teguh : "Iki lho, arep ngaturke layang saka sekolahan karo nyuwun tapak asta."
- Atik : "Apa ta sing ditapakastani ?"
- Teguh : "Iki apa, tata tertib karo blangko-blangko ka-trangan liyane."
- Atik : "Thik warna-werna ya, Mas, sing kudu ditapakastani bapak. Sing maringi tata tertib iki gurumu ta, Mas ?"
- Teguh : "Iya. Ning guruku ora mung siji. Akeh, Tik."
- Atik : "Lha nek mulang piye, Mas, guru kok akeh kuwi. Nek guruku mung siji kok, Mas. Sing mulang klas papat nggonku Pak Tohar, klas papat sijine Bu Ninik."
- Teguh : "Bener, Tik, kandhamu. Ana SD guru siji mulang saklas, mulange warna-werna, Matematika, IPS, Bahasa Indonesia lan liya-liyane."
- Atik : "Ing SMP rak ya ngono ta, Mas ?"
- Teguh : "Ora, Tik. Sing mulang IPS mung mulang IPS thok, ngalih-ngalih kelas. Saka kelas siji A ngalih menyang kelas siji liyane. Saben 45 menit salin wulangan, salin sing mulang."
- Atik : "Nek ngono guru siji sok mulang nganti limang kelas ya, Mas ?"
- Teguh : "Iya, malah sok luwih. Ning, mulange ajeg. Yen IPS ya IPS thok, yen Matematika ya Matematika thok."

- Atik : "Lha suk sing nulisi rapot ya akeh ya, Mas."
 Teguh : "Anu, Tik. Ana bapak utawa ibu guru sing dadi wali kelas. Yakuwi sing dadi bapake bocah sa-kelas, sing maringi rapot lan liya-liyane."
 Atik : "Wah, akeh ya, Mas, bedane SD karo SMP."
 Teguh : "Bab guru pancen ana bedane sawetara. Sing ora beda yakuwi, kuwajibane murid. Murid SD lan murid SMP kuwajibane padha, kabeh kudu sregep lan mugen sinau."

B. Ukara-ukara iki wacanen lan tembung sing ditulis dhoyong kadalna sing trep !

1. Adhimu aja koajak *rana-rana*, jaken dolan *rono* wae .
2. Adhine *loro*, sing siji saiki lagi *lara*.
3. Adhine sing siji jenenge *Darmana*, sijine jenenge *Darmadi*.
4. Wong tuwane jenenge *Atmasudarma*, asale saka *sentolo-Yogyakarta*.
5. Wong pasa aja gampang kena *godha*. Digodha *gadho-gadho* aja onya niyate. Digawakake *klúwa ora temama*, digawakake *sawo trima lunga*. Weruh dhuku *sakroso ora krasa*, ditawani *bakso* wangsulane suk *bakda*.

II. Maca titi

A. Wacanen batin !

Dados Murid SMP

Teguh Purwadi saestu klebet SMP, malah sampun wiwit dipun wucal. Kala saweg mlebet punika ing sekolahanipun Purwadi wonten pilihan ketua kelas. Teguh Purwadi kapilih. Pancen boten klentu manawi kanca-kancanipun milih Purwadi, awit larenipun ketingal sabar, sumepuh, dhateng kanca grapyak semanak.

↳ temmuwa.

ngrenggiyeg : awot.

kongreh - onggreh : g. keganggu, kegodha.

Babagan : perkara, prakawis.

wucalanipun wulangan
Pamrih : maksud, kujuan.
maksud, kujuan.
Samukawis
Samubarana
Murih : supaya

Pinten-pinten dinten punika wucalanipun dereng jangkep, saweg gangsal jam sedintenipun. Awit, bapak-bapak lan ibu-ibu Guru taksih kedah nata samukawis. Para murid kelas satunggal taksih perlu ngiseni blangko warni-warni, sumerep dhateng pranataning pamulangan lan sapanunggilanipun.

Makaten ugi para guru perlu ndhawuhaken kabetahanipun murid ingkang kedah enggal cumawis, kadosta : buku-buku, pangangge seragam, sepatu olahraga.

Sadaya wau pamrihipun namung murih lampahing pasinaon saged rancag, boten kongreh-onggreh ing bab warni-warni. Kabetahaning murid mekaten pancen kathah lan warni-warni, kala-kala adamel ngrenggiyeg lan mbentoyongipun tiyang sepuh. Nanging, tumrap tiyang sepuh ingkang mer-sudi dhateng pasinaoning putra, babagan punika sanes prakawis ingkang awrat. Jer, sedaya wau pancen dados tanggel jawabipun tiyang sepuh. Jer basuki mawa beya.

awrat : abot

Yasa : gawe, nyepakake, nyawesake, ngedetake

B. Pitakon-pitakon iki wangsulana kang luwes abasa krama !

1. Ing pamulangan anyar iki Purwadi dadi apa ?
2. Geneya kanca-kancane padha milih dheweke ?
3. Apa anyaran mlebu sekolah wulangane wis ganep ? Geneya kok ngono ?
4. Murid-murid kudu yasa apa ? Critakna !
5. Murid-murid anyar kuwi disumurupake marang apa? Apa pamrihe ?

Jer basuki mawa beya : sekabehé gegayut rasembadane kudu sarana pambudidaya

III. Kawruh Basa

Dasanama : Tembung sing nunggal teges.

A. Tuladha :

- a. Teguh Purwadi saestu klebet ing SMP.
- b. Teguh Purwadi saestu ketampi ing SMP.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Ngajengaken inggah-inggahan Ranta sakit ngantos kalih wulan, pramila ing pungkasaning taun kepeksa boten minggah.
2. Sinaunipun *dipun peng saestu*, mila bijinipun boten nate kawon kaliyan kanca-kancanipun.
3. Jalal saestu ketampi ing SMP, ndadosaken bingahipun Pak Abdullah *sakukuban*.
4. Tiyang seneng *udur* punika pituwasipun namung badhe nebihaken pasedherekan.
5. Kamardikan punika sarana ingkang sakalangkung *premati* kangge nggayuh masyarakat ingkang tata tentrem karta raharja.
6. *Kombul-kombulipun* negari Majapait punika kala jumenengipun Sang Prabu Hayam Wuruk.
7. Sok sintena kepengin gesang sekeca boten kenging ajrih ing *pakewed* namung wani ing gampil.
8. Ingkang dereng nate ngraosaken gesang wonten ing dhusun, angel sagedipun *ngentha-entha* ayem lan tentremipun dados tiyang tani.
9. Tiyang kemproh punika *adhakanipun* gampil kambah ing sesakit.
10. Blanja semanten kathahipun mangka namung kangge gesang tiyang kalih, lah inggih *mubra-mubru*.

B. Tuladha :

Teguh Purwadi punika lare *grapyak*, menawi pinanggih mitranipun temtu ngrumiyini aruh-aruh.

Ukara-ukara iki isenana tembung kang cumawis ing sisih tengen !

1. Pak Harda punika watakipun ,
boten purun tepang kaliyan tangga
tepalhipun.

drengki

2. Tulus punika lare, pramila kajen keringan lan dipun tresnani kanca-kancanipun.	şemanak
3. Pak Pringga punika priyantun, srawungipun boten mbedak-bedak-aken tiyang alit lan tiyang ageng.	andhap asor
4. Rambit punika kadunungan watak, boten seneng sumerep tiyang sanes angsal kabejan.	angkuh
5. Siwa Drana punika priyantun, sabar sareh bebudenipun.	jail
6. Jarwa punika keladuk gemi malah kepara, babar pisan boten purun weweh.	cethil
7. Mas Sarman punika priyantun, sanajan boten gadhah nanging menawi nampi tamu temtu ngenak-enakaken.	pradhah
8. Karsan punika lare, seneng damel paeka murih sangsaranipun tiyang sanes.	lembah manah
	ugungan
	kumalung - kung

C. Tuladha :

- a. Purwadi *kapilih* dados ketua kelas.
- b. Purwadi *dipun tetepaken* dados ketua kelas.

dipun angkat

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Ingatasipun murid kelas satunggal, Mursid punika murid *pilihan*.
2. Ingkang tumut pawai obor *dipun pilihaken* lare-lare ingkang griyanipun ing lebet kitha.
3. *Boten pilih* jaler utawi estri, uger bijinipun sae lan onjo piyambak saged nampi "bea siswa".
4. Kacariyos, kadigdayanipun Raden Wisanggeni punika *pilih tandhing*.

5. Pamarentah boten *pilih asih*, sinten lepat temtu tampi pidana.
6. *Para murid* kedah sami ngiseni blangko warni-warni.
7. Mangga, Nak, lenggahipun *kepara majeng* kemawon.
8. Kepirengipun elok, nanging pancen *kepara nyata* bilih mengsah ingkang asenjata bedhil, mriyem lan bom kawon kaliyan bangsa Indonesia ingkang namung asenjata granggang.
9. Anggenipun dundum *kepara-kepere* wasana ndadosaken dredah.
10. Ageng aliting kabegjan katampi kalawan raos syukur konjuk ing ngarsanipun *Inggang Andum Amara*.

D. Tuladha :

- a. Dhik, dhik, bapak apa wis kondur ?
- b. Dhik, dhik, bapak punapa sampun kondur ?

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Bu, apa aku kepareng melu darmawisata kanca-kanca?
2. Bulik, iki agemane sapa ?
3. Enya, Bulik, takaturi ngedhapi.
4. Ayo, Mas, yen arep mriksani takdherekake.
5. Yen tindak Pekalongan takaturi pinarak ana gubugku.
6. Kersane embah aku didhawuhi sekolah ana kana.
7. Iki, arep ngaturake layang marang pak guru.
8. Apa layange wis ditapakastani bapak ?
9. Bapak lenggahan ana pendhapa, ngunjuk teh sinambi maos koran.
10. Pak guru mriksani gambaranku banjur ngendika, " Gus, gambaranmu apik !"

E. Murid-murid ngiseni blangko warna-warna.

Udhalan : murid-murid : jejer
ngiseni : wasesa
blangko warna-warna : lesan

Ukara-ukara iki rampungna, wenehana lesan !

1. Ibu mundhut
2. Maryadi maca
3. Bapak mriksani
4. Sadikin nanem
5. Wahyuni nata
6. Menda punika nedha
7. Segawon punika njegogi
8. Kapal punika momot
9. Tikus punika ngrikiti
10. Ayam punika ngeker-eker

IV. Ngarang / crita

Ngaranga awujud pacelathon, milihira irah-irahan iki salah siji !

1. Omongane murid klas siji SMP anyaran.
2. Tumbas seragam dhateng toko.
3. Wonten ing toko buku.

V. Maca lan nulis aksara Jawa !

Wacanen banjur turunen !

1. ꦱꦸꦏꦫꦏꦸꦱꦶꦫꦏꦺꦠꦤ꧀
2. ꦱꦺꦠꦺꦪꦏꦶꦱꦺꦠꦺꦪꦠꦸꦁꦩꦶꦁꦥꦼꦗꦼ
3. ꦢꦺꦮꦫꦫꦮꦠꦶ
4. ꦥꦫꦶꦫꦪꦲꦸꦢꦤ꧀ꦥꦶꦩꦫꦶꦗꦪꦲꦏꦺꦢꦁꦥꦶꦨꦨꦶ
5. ꦏꦺꦱꦺꦱꦸꦫꦺꦩꦫꦲꦁ
6. ꦥꦼꦒꦶꦮꦤ꧀ꦥꦼꦫꦸꦁꦱꦺꦱꦸꦠꦺꦤ꧀

1. Sukra kusir kreta
2. Setyaki Setya tuhuning preja
3. Dewarawati
4. Prawirayahuda pinrajaya kadang pribadi
5. Kae swara prahara
6. Setyaningsih seneng kuaci
6. Pergiwa perlu ngaso sawatara

W U L A N G A N IV

1. A. Pacelathon

Tindakna !

Pengetan Dinten Ibu Kartini

- Guru : "Lis, sasi April iki apa sing wigati tumrap para wanita ?"
- Lilis : "Anu, Bu, pengetan wiyosanipun suwargi Ibu Kartini."
- Guru : "Bener, Rul ?"
- Nurul : "Leres, Bu."
- Guru : "Yen kowe piye, Tony ?"
- Tony : "Ya, Bu, dalem setuju."
- Bocah-bocah : "Ha, ha, ha, hi, hi, hi."
- Guru : "He, he !" Bocah-bocah, aja padha nyenges Tony. Ora apik."
- Danang : "Kula boten nyenges, Bu. Namung nggugeng boten saged dipun ampet."
- Mulyadi : "Kula inggih ngaten, Bu. Basanipun kok sae, lucu, Bu."
- Guruh : "Inggih, Bu, campur-campur. Basa Indonesia kaliyan basa Jawi, kados gadho-gadho."
- Guru : "Guruh, aja ngono, kuwi wis pira-pira. Tony rak saka Sumatra, aja kocenges lan kogeguyu, malah wurukana. Coba piye Tatik, benere ?"
- Tatik : "Leresipun; Inggih, Bu, kula cocog."
- Guru : "Tony, coba tirokna !"
- Tony : "Inggih, Bu, kula cocog."

- Guru : "Ngapa ta, Bas wiyosane Ibu Kartini kok dipengeti kuwi ?"
- Basuki : "Panjenenganipun kathah lelabetanipun dhateng para wanita, Bu."
- Guru : "Ya, bener, nanging isih kurang cetha. Coba, Anna, terangna !"
- Anna : "Anu, Bu, penjenenganipun dados pangajenging emansipasi wanita."
- Guru : "Iya, bener. Apa Anna kelingan tanggal wiyosane ?"
- Dini : "Kula kemutan, Bu, tanggal 21 April."
- Guru : "Wah, Dini, kok nyaut bae. Heeh, bener. Lan, miyose ana ing desa Mayong ke-bawah kabupaten Jepara."
- Anna : "Bu, menawi kepareng nyuwun dipun cariyosaken sejarahipun."
- Guru : "Pareng bae. Nanging, becike matura Pak Wiyata bae sing ngasta IPS. Dadi ora cawuh."

B. Ukara-ukara iki wacanen, tembung-tembung kang tulisane dhoyong kedalna kang bener !

1. Golek *bandha* aja *ngangsa*.
2. Bok *Randha* Dhadhapan duwe momongan wadon jenenge Ken Limaran.
3. Enya, iki ombenen, kanggo *tamba* ngelak.
4. Tana *tampa* layang saka *manca*.
5. Yen kurang dhuwur nganggoa *andha*.
6. Lik Satiyah *dodol* ratengan ana pasar.
7. Bocah cilik ora pareng *ngrokok*.
8. Gendheng sing *mlorot* kuwi benakna !
9. Bebek kuwi enake yen dimangsak *opor*.
10. Sri, jupukna *lodhong* wadhah gula pasir ana nglemari kae !
11. Wetengku lara jalaran kakehan mangan *lombok*.

12. Bareng *dibongkok* kok ya ringkes, ora rowa kaya mau.
13. Wis sepuluh dina iki pakdhe *mondhok* ana dhokteran.
14. Mangsa petengan sing *rondha* kerep mubeng desa.
15. Titihane bapakmu kae Yamaha apa *Hondha* ta, Wir ?
16. Yu, iki bothok apa *bongko* ?
17. Nyilih *tompo* arep koenggo apa ta, Jah ?
18. Enya, Jan, takwenehi *blondho*, icipana !

//. Maca titi

A. *Wacanen batin banjur tembangna, lagune kaya lagu nasional
Ibu Kita Kartini !*

Ibu Kita Kartini

Ibu kita Kartini, putri sejati
Putri Nusantara, ngambar asmanya
Ibu kita Kartini, pahlawan bangsa
Pahlawan wanita, iku pranyata.

Dhuh, dhuh, Ibu kita Kartini
Putri kang minulya
Dhasar agung gegayuhannya
Tumrap Nusantara

Ibu kita Kartini, pahlawan putri
Putri kang wus mbuka, para wanita
Ibu kita Kartini, putri tuladha
Pantes yen tinulad, sinudarsana.

Ibu kita Kartini nyata
Wanita utama
Kang wus akeh darmabaktinya
Marang Nusa Bangsa.

B. Pitakon-pitakon iki wangsulana nganggo basa krama kang luwes !

1. Saben tanggal pira bangsa Indonesia miengeti Hari Kartini ?
2. Geneya Hari Kartini padha dipengeti ?
3. Ibu Kartini miyose ana ngendi ?
4. Apa nalika jaman sugenge Ibu Kartini para putri bangsa Indonesia oleh sekolah ?
5. Apa wajibe bangsa Indonesia marang lelabuhane Ibu Kartini ?

III. Kawruh Basa

A. Tuladha :

- a. Lelabetanipun suwargi Ibu Kartini pantes *tinulad sinudarsana*.
- b. Lelabetanipun suwargi Ibu Kartini pantes *dipun tiru*.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Ibu Kartini punika wanita ingkang *karem dhateng kadarman*.
2. Ibu Kartini *agung gegayuhanipun*.
3. Ibu Kartini ageng *darmabaktinipun* dhateng nusa lan bangsa.
4. Suwargi Dhokter Utama punika priyantun *luhur bebudenipun*.
5. Pamedalipun siti tilaranipun embah ngantos sapunika lestantun *kadarmakaken* dhateng para pakir miskin, nuhoni pangandikanipun suwargi piyambak.
6. Sareng sampun boten kiyat, Sang Putri lajeng les, *ngeremaken netra salami-laminipun*.
7. Manungsa punika inggil-inggilipun titah, awit *kasinungan* akal budi dening Pangeran Inggang Maha Agung.

8. Para wadya bala sami *nungsi* pawartos dhateng senapatining perang.
9. Raden Kumbakarna wongsal-wangsul *asung pemu* dhateng ingkang raka Prabu Rahwanaraja, nanging sadaya aturipun boten dipun rewes.
10. *Eman sanget*, suwargi Ibu Kartini boten saged nglajengaken gegayuhanipun ingkang luhur lan mulya.

B. Tuladha :

a. *Asmane* suwargi Ibu Kartini *ngambar* tekan manca negara.

b. Suwargi Ibu Kartini *lelabuhane kondhang* nganti tekan manca negara.

Jembung entar = tembung Jembung entar : tembung sing duwene teges silihan
 ora samestipe
 Gawenen kaya tuladha ing dhuwur ! tembung silihan : ora salug

1. Ing palayatan *udan tangis*, prasasat kabeh para palayat padha ngruntuhake eluh.
2. Sing padha rondha padha genti-genten main catur, kanggo *cagak lek*.
3. Rembuge Sarengat kuwi aja kojagakake netese, amarga dheweke wis kawentar *lunyu ilate*.
4. Rohlan kuwi bocah *gedhe endhase*, mula kancakancane pilaur padha ngedoh aluwung ora tepung.
5. Ngati-ati lho tetanggan karo si Darus, dheweke kuwi *dawa tangane*.
6. Darmi kuwi senengane *metani lupute* wong liya, ora sumurup marang lupute dhewe.
7. Sasabar-sabare uwong yen krungu omonganmu kuwi mesthi nesu, amarga omonganmu kuwi yen dirasak-rasakake pancen *ngabangake kuping*.
8. Wa Drana kuwi *lobok atine*, babar pisan ora tau nesu.
9. Yen omongan becik padha diarah aja nganti gawe *pinggeting ati*.
10. Sing ngati-ati lho, penggedhemu kae *landhep pene*.

C. Tuladha :

Ibu Kartini *ada-ada* ngedegaken pamulangan
lare estri, dipun namakaken Sekolah Kartini.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

- | | |
|--|--------------------|
| 1. Inggang mencaraken agami Islam ing tanah Jawi punika Syeh Maolana Ibrahim. | cikal bakal |
| 2. Putra putri, boten purun nggentosi jumeneng nata, pramila puseraning praja lajeng kalengseraken dhateng putra panggulu. | wiwitan |
| 3. Inggang dhusun Jagabaya punika Ki Jagabaya. | senapati |
| 4. Kelenggahaning kaasta putra nata ing Wiratha Raden Arya Seta. | pambajeng |
| 5. Inggang ngasta kempalan Budi Utama punika suwargi Dhokter Wahidin Sudirahusada. | pangajeng |
| 6. Tiyang sagriya anggenipun siyam sami nutug sewulan, boten wonten ingkang medhot, boten wonten ingkang | unyik |
| 7. Anggenipun tumut balapan mlajeng saged dumugi garis finis, sanajan namung angsal nomer. | wuragil |
| 8. Sepur dumugi ing setasiyun Semarang jam 9 dalu. | pungkasan |
| 9. Bulik Sun punika putranipun suwargi embah ingkang | tutup kendhang |
| 10. Saben wonten giliran maos kula angsal giliran ingkang | kantun piyam - bak |

D. Tuladha :

- a. Ibu Kartini *pranyata* pahlawan bangsa.
- b. *pranyata* lingganipun nyata angsal ater-ater *pra*.

Gawenen kaya ing dhuwur !

1. Sekedhap kemawon latu sampun sirep amargi tiyang *sadhusun* sami tandang sesarengan.
2. Lumbung dhusun punika ageng pigunanipun tumrap para among tani, langkung-langkung ing mangsa *paceklik*.
3. Watak wantunipun pandhita linangkung, menawi ketaman ing *piawon* boten badhe suka *piwales* awon.
4. Ingang sami balapan mlajeng mawi karung ketingal pating *pancolot* kados kodhok mencolot.
5. *Pangageng* ingkang saged momong temtu dipun suyudi reh-rehanipun.
6. Putranipun *pambajeng* cepeng damel wonten ing pabrik Semen Cibinong.
7. Sewulan sepisan kula temtu merlokaken sowan embah dhateng dhusun *tarkadhang* malah sewulan kaping kalih.
8. *Kawruh* babagan tehnik sansaya majeng, sarjana bangsa Amerika sampun kelampahan saged yasa kapal gegana kangge naliti kawontenaning rembulan.
9. Nalika tanah wutah rah kita dipun jagi wadya militer Jepang, gesangipun bangsa *pribumi* rekaosipun ke- langkung-langkung.
10. Sata Kurawa punika sayektos ambek angkara murka sarta *para cidra*.
11. Upacara panggihing panganten sampun *paripurna*.

Katerangan :

Tembung-tembung mawa ater-ater sa, pa, pi, pra, pa lan swara irung (pan, pang, pany, pam),

tar, ka, pri, para, pari kaya kang kasebut ing dhuwur iku diarani *tembung lingga andhahan*.

E. Tuladha :

Ibu Kartini ngedegaken pamulangan lare-lare estri.

Udhalan : Ibu Kartini : jejer
 ngedegaken : wasesa
 pamulangan lare-lare estri : lesan

Ukara-ukara iki udhalen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Bulik ¹ndandosi ^wputranipun.
2. Dulah ^wnguras ^rkolah.
3. Umar ^wnyirami ^rsekar.
4. Paing mbedhil bajing.
5. Agus ngoyak tikus.
6. Sujak nedha rujak.
7. Lare-lare mirengaken dongengipun pak guru.
8. Montor mabur punika nabrak redi.
9. Mahmud nyemproti lemut.
10. Inem ngonceki pelem.

IV. Kasusastran

Wacanen kang patitis ! *nasihat sbg bekal untk bergaul*

Tetelane ^{kamca} pawong mitra kang becik

Atetulung yen kena ing sangsara.

^{Tandane} Tengere yen wong temen ^{jujur}.

Gelem mbayar apa kang dadi janjine.

^{setya} Tuhuning jejodhoan suami istii → selaki rabi.

Katon jroning kamlaratan.

^{sekti} Kasudiran, ^{sekti, kadigdayan} kaprawiran

Katon ing madyeng palagan.

Beciking sanak sedulur
Ketitik yen ketempuh ing pakewuh.

Kapfile saking surat

(Sastra Gitawicara I).

angka a salu-
gal, jilid si J.

V. Nulis aksara Jawa

Tulisen nganggo aksara Jawa !

1. Kae swara suling, sing nyuling Priyana.
2. Kyai Pulanggeni iku pusakane Harjuna, rayi ipe nata ing Dwarawati.
3. Jarene Setyani mriyang, apa bener.
4. Warni tuku kwali.
5. Wong kuwi ora duwe sedyana.
6. Iki trewelune wa Drana.

1. ꦏꦼꦱꦱꦺꦱꦸꦭꦶꦁꦱꦶꦁꦚꦺꦒꦺꦁꦱꦺꦔꦸꦤꦶꦁꦥꦿꦶꦪꦲꦤꦚ
 2. ꦏꦪꦲꦶꦥꦸꦭꦁꦒꦺꦤꦶꦏꦸꦥꦸꦱꦏꦤꦺꦁꦲꦫꦂꦶꦗꦤꦶꦫꦂꦺꦤꦶꦥꦺꦤꦚꦏꦤꦲꦩꦫꦂꦠꦺꦔꦺꦴꦠꦺꦤꦺ
 3. ꦗꦫꦺꦤꦺꦱꦺꦠꦺꦪꦺꦤꦶꦩꦿꦶꦪꦁꦩꦂꦶꦪꦁꦥꦺꦤꦺꦴꦏꦺꦨꦺꦃ
 4. ꦮꦫꦺꦤꦶꦠꦸꦏꦸꦏꦮꦭꦶꦁ
 5. ꦮꦺꦴꦁꦏꦸꦮꦶꦲꦺꦴꦫꦺꦴꦠꦺꦴꦱꦺꦔꦺꦴꦤꦺꦴꦱꦺꦔꦺꦴꦤꦺꦴꦱꦺꦔꦺꦴꦤꦺꦴꦱꦺꦔꦺꦴꦤꦺ
 6. ꦲꦶꦏꦶꦠꦺꦴꦮꦺꦴꦭꦺꦤꦺꦮꦚꦂꦤꦚꦺꦴꦤꦺꦴꦱꦺꦔꦺꦴꦤꦺꦴꦱꦺꦔꦺꦴꦤꦺꦴꦱꦺꦔꦺꦴꦤꦺ

W U L A N G A N V

I. A. Pacelathon

Tindakna !

Gawe Kesed Sepet

- Guru : "Cah, apa gunane krambil ?"
"Sing bisa ngacunga !"
- Murid-murid : "Kula, Pak !" "Kula, Pak !" "Kula, Pak !"
- Guru : "He, he, he, ngacung ora pareng karo pating brengok !"
"Coba kowe, Narna !"
- Narna : "Klapanipun kangge bumbu, Pak, ugi kangge damel lisah; ingkang taksih enem kangge rujakan, toyanipun dipun katut-aken."
- Guru : "Lha wite sing wis tuwa kanggo apa ?"
"Kowe, Tirta !"
- Tirta : "Kangge kajeng obong, Pak !" Ugi wonten ingkang kangge balungan griya."
- Nani : "Pak, kula nyuwun priksa, sepetipun punapa inggih kangge ?"
- Guru : "Siti, kowe ngerti kanggone ?"
- Siti : "Dipun obong, Pak, kangge mangsak."
- Guru : "Ha, ha, ha, bener-bener, lha wong ya bocah wadon, ngertine kanggo kayu obong. Liyane kuwi isih ana. Kowe ngerti, Prapta ?"
- Prapta : "Punapa ingkang kangge kesed punika, Pak ?"

- Guru : "Lha iya. Ya kanggo kesed kuwi. Apa ana kesed liyane sepet?"
- Mardi : "Wonten, Pak, model sapunika, ingkang dipun damel karet, kawat utawi tosan."
- Guru : "Apa bocah-bocah kepengin ajar gawe kesed?"
- Murid-murid : "Inggih, Pak, kepengin sanget."
- Guru : "Yen ngono sesuk, apa suk kapan dakwuruki."
- Murni : "Kadospundi, Pak, sepet kados ngaten saged dados kesed nam-naman sae punika?"
- Guru : "Kabeh mau, yen durung bisa pancen angel. Nanging, yen wis ngerti carane, ora ana barang angel. Jenenge ngelmu angel yen durung ketemu."
- Murid-murid : "Saestu nyuwun wuruk, Pak, benjing sanes dinten."
- Guru : "Ya, iya, suk bebarengan padha digarap."

B. Ukara-ukara iki wacanen, lagune sing trep karo surasane ukara !

Lagu sangat memukakan dia.

ukara carita

- | | |
|---|--|
| 1. Darman lunga. | (andharan lugu). |
| 2. Darman lunga ? | (pitakon). <i>-> uk</i> |
| 3. Darman, lunga ! | (pakon sereng). <i>-> uk</i> |
| 4. Adhuh, Darman lunga. | (ngemu rasa cuwa). <i>-> uk</i> |
| 5. Sokur Darman lunga. | (ngemu rasa seneng). |
| 6. Lha rak tenan kandhaku, Darman lunga ta. | (rasa bombong jalaran cocog panggrayange). |
| 7. He, Darman <u>lunga</u> ? <i>-> math.</i> | (gumun, ora ngira). |
| 8. Darman, lunga ora ? | (nari). |

//. Maca titi

A. Wacanen batin !

Kesed

Kesed punika ketingalipun barang sepele, nanging manawi dipun manah ingkang saestu sanes barang baen-baen. Kesed punika saestu ageng pigunanipun. Inggih punika kangge njagi resiking papan, ingkang tndonipun ugi migunani sanget tumrap pamardining kasarasan. Liripun, suku ingkang reged utawi sepatu ingkang mentas kangge kesahan temtu nyangking rereged utawi baksil warni-warni. Makaten ugi sandhal ingkang mentas dipun angge dhateng pakiwan, temtu katutan rereged warni-warni. Sedaya wau saged dipun resiki sarana kesed amrih sedaya rereged lan baksil wau boten lajeng katut kabekta lumebet ing griya.

Kesed punika pandamelipun boten angel. Punapa malih manawi bahanipun trimah sepet, prasasat boten ngedalaken wragat. Bakenipun namung kedah tlatos lan taberi nglempakaken baka sekedhik. Pandamelipun saged dipun sambiling kalaning nganggur, tinimbang tilem sonten. Lare-lare sekolah ugi saged dipun ajari damel kesed sepet punika. Inggih punika, ing salebetipun wulangan ke-trampilan. Dene manawi badhe damel kesed kasade, inggih punika minangka pangupa jiwa, temtunipun mbetahaken pirantos ingkang langkung sampurna.

B. Pitakon-pitakon iki wangsulana kang patitis !

1. Apa gunane kesed ?
2. Aranana bahan kesed kang adhakan !
3. Apa ana bahan kesed saliyane sepet ?

4. Bisa uga bakal nandhang lara apa yen nganti kowe ora duwe kesed ?

III. Kawruh Basa

A. Yen wis ngerti carane ora ana barang angel. Jenenge ngelmu, angel yen durung ketemu.

Terangna, apa jarwa dhosoke tembung-tembung ngisor iki !

- | | | | |
|------------|---|------------|---|
| 1. wedang | : | 6. tebu | : |
| 2. cangkir | : | 7. wanita | : |
| 3. tepas | : | 8. siti | : |
| 4. tandur | : | 9. tuwa | : |
| 5. cengkir | : | 10. krikil | : |

B. Tuladha :

- a. kesed punika boten angel.
 b. *Damel* kesed punika boten angel.

Ukara-ukara ngisor iki rampungna nganggo tembung kang cumawis ing sisih tengen !

- | | |
|--|----------------------|
| 1. Kula aturi ngentosi sawetawis, Bapak saweg wonten sabin kidul dhusun, kula susulipun. | a. kagungan damel |
| 2. Sampun pisan-pisan nilar ingkang dereng rampung. | b. angsal damel |
| 3. Celengan adhapur sawer naga punika Pasongan Ngayogyakarta. | c. dipun damel-damel |
| 4. Minggu ngajeng punika pakdhe Pringga , inggih punika badhe ngijabaken mbakyu Sri Uning. | a. cepeng damel |

- | | |
|--|---|
| 5. Anggenipun nagih wangsul nglen-
thung, boten | e. dedamel |
| 6. Dhasar lare seneng mbanyol, su-
merep menawij dipun gatosaken
lampahipun lajeng | f. madamel |
| 7. Mangga Pakdhe tindak-tindak ,
. mriksani toya suwakan
mili punapa boten. | g. padamelan |
| 8. Sapunika kemawon,
penjenengan nyaosi kabar embah,
pakdhe lan sedaya kulawarga ing
Karangpandhan, kula ngrigenaken
nggriya. | h. damelan |
| 9. Kala jaman rumiyin kudangan-
ipun tiyang sepuh punika sageda
putranipun lan dados
priyantun. | i. ^{sisan}
sinau damel |
| 10. Nyumerepi lan mireng pisambat-
ipun para prajurit ingkang sami
ketaman ing, manahipun
Henri Dunant kados dipun iris-
iris. | j. andum
damel |

C. Kesed punika dipun damel saking sepet.

Ukara kuwi luput benere : Kesed punika *ingkang dipun damel sepet*.

Ukara-ukara ing ngisor iki endi sing bener, ukara a) apa ukara b) ?

1. a. Jampi punika *ingkang dipun damel* cabe lan lem-puyang.
- b. Jampi punika *dipun damel saking* cabe lan lem-puyang.

2. a. Kolahipun dipun iseni *sakebak-kebakipun*.
b. Kolahipun dipun iseni *ngantos kebak*.
3. a. *Anggenipun nglabur* kirang radin.
b. *Ingang nglabur* kirang radin.
4. a. Rusdi punika *sanès adhinipun Saleh nanging kakangipun*.
b. Rusdi punika *kakangipun Saleh, sanès adhinipun*.
5. a. *Boten dangu saking kedadosan punika* ibunipun katimbangan ing pangayunaning Pangeran.
b. *Boten antawis dangu* ibunipun katimbangan ing pangayunaning Pangeran.
6. a. Wardi menika *langkung sregep tinimbang* adhinipun.
b. Wardi punika *mimpang sregep kaliyan* adhinipun.
7. a. *Wonten kanca kula* ingkang tumut lomba pop singer.
b. *Salah satunggaling kanca kula* wonten ingkang tumut lomba pop singer.
8. a. *Saking agengipun angin* kathah griya sami ambruk lan wit-witan sami sol.
b. *Gandheng kaliyan agengipun angin* kathah griya sami ambruk lan wit-witan sami sol.

D. Ukara-ukara iki wacanen sing titi sarta setitekna tegese paribasan sing ditulis dhoyong, banjur tegesna !

1. Gita kuwi wis kepatuh seneng *tinggal kokoh*, pagawean durung rampung wis ditinggal nglenthar.
2. Ora sumbut karo sumbare, durung nganti ketaman gegaman wis *tinggal glanggang colong playu*, mlayu nggendring sipat kuping ninggal paprangan.
3. Surya karo Trenggana kuwi sedulur tunggal welat nanging kelakuane beda banget *kaya bumi karo langit*.
4. Nalika samana wong-wong Yahudi mbeneri ana ing sajroning pakawuh gedhe, kiwa tengen ngarep buri mungsuh, bebasane *kaya endhog kecepit ing watu*.

5. Dadi mata-mata mlebu metu laladaning mungsuh iku gedhe banget bebayane, paribasane *ameng-ameng nyawa*.
6. Wong kuwi aja padha seneng kanggonan watak *adigang adigung adiguna*, yakuwi ngendel-endelake kekuwatane, kaluhurane lan kapinterane.
7. Jupri kuwi watake *dahwen ati open*, seneng nenacad jalaran duwe melik marang barang-barang sing dicacati kuwi.
8. Aku mono manut penggedheku, yen penggedheku tumindak aku mung kari melu bae, dadi ora ninggal unine bebasan *obah ngarep kobet buri*.
9. Ayo, Thole, *gliyak-gliyak tumindak*, sanajan alon nanging tumindak terus aja nganggo mondhag-mandheg.
10. Bapak Bupati tindak *njajah desa milang kori*, niti priksa wewengkone kabeh nganti tekan ing plosok-plosok lan ing gunung-gunung.

E. Tuladha :

- a. Bocah-bocah *nglumpukake* sepet.
- b. Sepet *diklumpukake* bocah-bocah.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Pak bayan *nimbali* mas Abas.
2. Pak guru *mriksani* gambaranku.
3. Ibu *nglmpekake* adik.
4. Srini *ngilangake* buku gambarku.
5. Adhik *nglempiti* agemane bapak.
6. Simbah *ngelus-elus* sirahku.
7. Pakdhe *ngepuk-epuk* pundhake mas Duryat.
8. Wong kuwi *nyunggekake* gawanku.
9. Bariyun *ndhelikake* potelotku.
10. Bocah sakelas padha *nekseni* janjine si Diran.

Katrangan :

1. Bocah-bocah nglumpukake sepet. Iki jenenge, ukara tanduk.
2. Sepet diklumpukake bocah-bocah. Jenenge, ukara tanggap.

IV. Ngarang / crita

Gawea karangan abasa krama, miliha irah-irahan iki salah siji !

1. Damel pasren tembok.
2. Damel blumbang kangge ngingah ulam.
3. Damel akuarium.

V. Maca lan nulis aksara Jawa

A. Wacanen banjur turunen !

1. ꦧꦸꦏꦼꦤ꧀ꦭꦠꦺꦛꦸꦤ꧀ꦠꦸꦫꦺꦤ꧀ꦲ
2. ꦧꦸꦏꦼꦤ꧀ꦭꦠꦺꦛꦸꦤ꧀ꦠꦸꦫꦺꦤ꧀ꦲ
3. ꦧꦸꦏꦼꦤ꧀ꦭꦠꦺꦛꦸꦤ꧀ꦠꦸꦫꦺꦤ꧀ꦲ
4. ꦧꦸꦏꦼꦤ꧀ꦭꦠꦺꦛꦸꦤ꧀ꦠꦸꦫꦺꦤ꧀ꦲ
5. ꦧꦸꦏꦼꦤ꧀ꦭꦠꦺꦛꦸꦤ꧀ꦠꦸꦫꦺꦤ꧀ꦲ

B. Tulisen nganggo aksara Jawa !

1. Bu Kreta ngingu pitik.
2. Setyaka nunggang grobag.
3. Pratiwa maca komik.
4. Widyaka lungguh ana ing ebuk.
5. Bu Dwija dhahar krupuk.

W U L A N G A N VI

1. A. Pacelathon

Tindakna !

Cariyos Bratayuda

Irawan : "Mbah, kula nyuwun dongeng.

Embah : "Kok kadingaren kowe nyuwun dongeng Simbah; malah Embah critanana kabare jaman saiki, kowe luwih ngerti."

Irawan : "Leres Mbah, menawi bab kabar jaman sapunika rak sampun kawrat ing serat kabar utawi radhio."

Embah : "Sing kokarepake crita apa ta, Le ?"

Irawan : "Pak guru kula punika kok ngendikakaken lampahan Bratayuda."

Embah : "Lha nyuwuna priksa gurumu rak wijang."

Irawan : "Temptunipun mekaten, Mbah. Nanging, duka kok malah dhawuh nyuwun priksa dhateng Embah."

Embah : "O, ngono, ta. Ya bener ngendikane bapak gurumu kuwi. Amarga, ndongeng Bratayuda kuwi ora rampung sawengi rong wengi, yen didongengake ana sekolahan mesthine banjur ngentekake wektu."

Irawan : "Kinten kula leres ngendikanipun Embah punika, awit satunggal minggu namung dipun wucal basa Jawi kaping kalih."

Embah : "Mula kuwi, bapak gurumu ora kleru, tur gamblang banget yen nyritakake lakon Bratayuda kuwi."

Irawan : "Mila, Mbah, menawi Embah longgar kula nyuwun dipun cariyosaken lampahan Bratayuda punika."

Embah : "Ya ta, Le, nanging suk malem Minggu bae ya, renea maneh tur ora rampung sewengi lho. Wose, Bratayuda kuwi nggelar perange Pandhawa lan Kurawa, sing dadi pradondi prakara negara Astina kang dikukuhi Kurawa."

B. Tembung-tembung kang tulisane dhoyong ing ngisor iki kedalna kang trep !

1. Muga-muga anggonmu prihatin iku dadi *sarana* bisane kabul kang dadi panyuwunmu.
2. *Dahana* iku tembung kawi, tembunge saiki geni.
3. Sawise *satata* lungguh banjur wiwit rembugan.
4. Putrane kang wuragil umure *watara* pitung taun.
5. Para *taruna* dikerigake kerja bakti.
6. *Samodra* Kidul alune gedhe, ora kaya segara lor.
7. Hyang *Maruta* iku dewaning angin.
8. Patih *Pragota* pepatihing Prabu Baladewa.

II. Maca titi

A. Wacanen batin !

Cariyos Bratayuda

Cariyos Bratayuda punika leresipun ing kalangan Jawi sampun misuwur sanget, sampun ngembrah dipun ngertosi ing akathah. Prasasat saben tiyang dhamang, sipat Jawi nyumerepi.

Ewadene, kados boten wonten awonipun ngaturaken

gancang cariyos, kenginga kangge icip-icip tumrap ingkang boten komanan maos aslinipun.

Bakening cariyos, lampahan Bratayuda punika anggelar wontenipun perang ageng ambengkas angkara murka. Inggih punika, campuh yudanipun Pandhawa lan Kurawa wonten ing Tegal Kuru.

Wondene ingkang dados pradondi inggih punika sepalihing nagari Astina ingkang dipun kekahi dening para Kurawa. Kamangka, saleresipun nagari punika hakipun kadang Pandhawa.

Rehning dipun rembag kanthi sae boten wonten wohipun, pepuntoning manah Kurawa ginebag ing ajurit.

B. Pitakon-pitakon iki wangsulana kang luwes lan patitis abasa krama !

1. Bratayuda iku nyritakake perange sapa ?
2. Ana ngendi kelakone perang ?
3. Apa kang dadi dhadhakaning perang ?
4. Apa wis dirembug kanthi becik ?
5. Pungkasaning perang sapa sing menang ?
6. Crita wayang iku kelakon tenan apa mung dedongenan ?

III. Kawruh Basa

A. Tuladha :

- a. Cariyos Bratayuda punika ing kalangan Jawi sampun *misuwur sanget*.
- b. Cariyos Bratayuda punika ing kalangan Jawi sampun *kasumerepan ing akathah*.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Kados boten wonten awonipun ngaturaken *gancang cariyos*.

2. Bakenipun cariyos Bratayuda punika *anggelar* perang-ipun Pandhawa lan Kurawa.
3. Inggih punika perang ageng *ambengkas angkara murka*.
4. *Campuh yudanipun* Pandhawa lan Kurawa punika wonten ing Tegal Kuru.
5. Wondene ingkang dados *dhadhakaning* perang inggih punika sepalihing negari Astina ingkang dipun kekahi para Kurawa.
6. Rehning dipun rembag kanthi sae boten wonten wohipun, *pepunting manah* Kurawa ginebag ing perang.
7. Raden Angkawijaya *tiwas kinrocok ing jemparing*, tatunipun arang kranjang.
8. Resi Bisma *kapupu madyaning rana*, tiwas dening jemparingipun Wara Srikandhi.
9. Dewi Setyawati *asuduk slira*, bela pejah sedanipun ingkang raka Prabu Salya.
10. Pandhawa *unggul yudanipun*.

B. Tuladha :

Kehing pepati kaya babadan pacing.

Ukara-ukara pepindhan iki rampungna, pilihèn jodhone ing sisih tengen !

- | | |
|---|---|
| <ol style="list-style-type: none"> 1. Sumbare kaya 2. Swarane kaya 3. Cahyane nglayung kaya 4. Panase kaya 5. Tepunge kalis kaya 6. Tandange cukat kaya | <ol style="list-style-type: none"> a. sikatan nyamber walong b. bantheng ketaton c. jambe sinigar d. kapuk diwusoni e. janget kinatelon f. banyu karo lenga g. bisa mutung wesi gligen |
|---|---|

- | | |
|---|--|
| <p>7. Pangamuke nggegirisi kaya</p> <p>8. Rupane bocah kembar kuwi kaya</p> <p>9. Putih memplak kaya</p> <p>10. Sentosaning pasedulurane kaya</p> | <p>h. mecah-mecahna gundhul</p> <p>i. mbelah-mbelahna bumi</p> <p>j. rembulan karainan</p> |
|---|--|

C. Tuladha :

Lampahan Bratayuda punika anggalar wontenipun perang ageng ambengkas *angkara murka*.

Tembung kang katulis dhoyong ing ukara-ukara ngisor iki dadekna tembung saroja kaya tuladha ing dhuwur !

1. Lare ingkang *andhap*, purun ngawon lan pinter momong kanca temtu sugih mitra.
2. Tiyang grapyak, semanak lan luhur bebudenipun temtu *kajen*
3. Anggenipun nyambut damel dipun rencangi *nungsang*, betekipun badhe muktekaken kulawarganipun.
4. Wiwit kenangan anggenipun badhe apus-apus ngantos sapriki kula boten nate *gepok* kaliyan piyambakipun.
5. Sugengipun para Nabi punika kebak *tepa*
6. Bapak sasedherek punika ketingal sanget anggenipun *sayuk*, prasasat boten nate benceng pamanggih.
7. Tiyang ingkang santosa ing budi temtu saged meper mubaling hawa nepsu lan saged mbengkas sadaya *godha*
8. Embah rawuh, paring eguh dhumateng bapak anggenipun bapak badhe kagungan kersa nginggahaken balungan.
9. *Tukar* punika saestu sirikan menggahing kula.
10. Manungsa kadunungan *akal* minangka sangu ning gesangipun.

D. Tuladha :

- a. (Babad, Dongeng, Cariyos) Bratayuda punika misuwur sanget.
- b. *Cariyos* Bratayuda punika misuwur sanget.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Rakyat sampun dhamang (ancasipun, sedyanipun, eneripun) demokrasi ingkang dipun cakaken sarana Pemilihan Umum.
2. Ingkang gadhah griya nglilir, wusana saged (ngenangi, neksemi, nyumerepi) pandung ingkang saweg njugil cendhela.
3. Sata taneman enggal punika menawi kirang siramanipun adhakanipun ronipun lajeng (pucet, nglayung, alum).
4. Pandung punika pancen (julig, pinter, wasis) saestu, sampun dipun krangkeng mawi krangkeng tosan meksa saged pados margi mbradhat medal.
5. Dhasar lare pambajeng tur estri pisan, mila inggih (baut, prigel, trampil) ngrencangi tiyang sepuh nata bale griya.
6. Yudi punika kesangeten anggenipun mursal, boten nate (pitados, nggega, manut) pituturipun tiyang sepuh.
7. Tiyang sepuh temtu (kepranan, kesengsem, tresna) dhumateng anakipun.
8. Solah tingkah lan nyandhang manganggenipun sarwa (bares, lugu, prasaja).
9. Mireng sumbaripun mengsah, (polahipun, patrapipun, tandangipun) kados jangkrik mambu kili.

E. Tuladha :

- a. Simbah crita bab perang Bratayuda.
- b. — *Sapa* crita bab perang Bratayuda ?
— Simbah crita *apa* ?

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Simbah ngunjuk jamu.
2. Bocah-bocah nonton sirkus.
3. Bapak mriksani sandiwara.
4. Lik Lanjar gawe jugangan wuh.
5. Pak Radi ndandani radhio.
6. Lasmi ngempit tas.
7. Ibu nitih montor mabur.
8. Rantiman angon bebek.
9. Salim makani pitik.
10. Wong-wong ndandani tanggul

Katrangan :

1. "Simbah crita bab perang Bratayuda", jenenge *ukara carita* utawa *ukara andharan*.
2. "Sapa crita bab perang Bratayuda?" lan "Simbah crita apa?", jenenge *ukara pitakon*.

IV. Kasusastran

Wacanen sing patitis !

Sulingmu

Cumengklinging swara anganyut
suwe sansaya anglangut
agawe kerantaning ati
saya nalangsa ing wengi sepi.

Aja, aja kanca
lagumu aywa tinerusna
ginanti lagu gembira
aja nuruti trenyuhing nala

kang bakal angrusak raga
satemah mungkasi nyawa.

Kanca,
wengi iki sangsaya mamring
wis punggelen nggonmu nyuling
tan kuwat rasaning tyasku
tumetes luhku angrungu.

(D. Setya Oet)

V. Maca lan nulis aksara Jawa

A. Wacanen banjur turunen !

1. a. b.
2. a. b.
3. a. b.

B. Tulisen nganggo aksara Jawa !

1. Pak Camat tindak saka Banjarnegara.
2. Mas Yanta karo mas Yitna apa sida rana.
3. Bambang karo Yunus arep tilik S'rini ana ing Rumah Sakit.

I. A. Pacelathon

Tindakna !

Cangkriman

- Edhi : "Gus, kowe rak libur ta ?"
- Agus : "Iya, wong sesuk dina Minggu ngono kok."
- Edhi : "Apa acaramu bengi iki ?"
- Agus : "Durung duwe acara. Sirku arep dolan-dolan nanging thongpes."
- Edhi : "Aku ya lagi ditinggal fulus, ki !"
- Agus : "Yen ngono padha bae. Wis dolan kene we, ngrewangi aku tunggu omah, wong sedhela engkas bapak ibu tindak njagong."
- Edhi : "Ya ta, disambi cangkriman pa piye, ben betah melek."
- Agus : "Ya, mathuk. Ning, aja angel-angel lho. Aku dhisik ya sing nyangkrimi."
- Edhi : "Iya, dhisika !"
- Agus : "Yen lali katut, yen kelingan malah keru, kuwi apa ?"
- Edhi : "Iyah, kowe ki. Jare ngajak gampang-gampang thik malah ndhisiki angel. Tur mokal kuwi, lali katut kelingan keru."
- Agus : "E, wong jeneng cangkriman, mesthi ya ana. Wis kopikir tenan pa piye ?"
- Edhi : "Aku judheg kuwi, ora nyandhak. Gelis omong-na, apa candhakane."
- Agus : "Kae lho suket dom utawa suket usup-usup. Yen kowe liwat kono lali ora cincing clana, sukete

mesthi katut nyang clanamu. Nanging, yen kowe kelingan kowe mesthi banjur cicing clana, lan sukete ora bakal katut nyang clanamu kuwi. Rak iya ta ?"

Edhi : "Wah, diapusi Agus aku. Nek kuwi we jan-jane aku ya ngerti."

Agus : "Padune wis dakkandhani kuwi. Wis, saiki genten kowe sing nyangkrimi."

Edhi : "Ya, dakakali genti kowe, Gus. Sing kelangan lega sing nemu malah gela. Hara, apa kuwi?"

Agus : "Matik, cilaka. Sida siji-siji iki mengko. Ora mulih nalar kuwi, Dhi. Sing nemu gela, sing kelangan lega. Ah, ora ana kuwi."

Edhi : "Wis, trima siji-siji ?"
"Trima ora bisa mbatang ?"

Agus : "Wis, Dhi, aku pasrah bongkokan."

Edhi : "Nyedhaka kene, dakkandhani. Ora wani omong seru aku."

Agus : "Geneya ?"

Edhi : "Ssssst. Dakkandhani lirik-lirik we ya. Kuwi batangane entut."

Agus : "O, asem ki. Piye kuwi nalare ?"

Edhi : "Pikiren dhewe."

B. Ukara-ukara iki wacanen, tembung-tembung kang tulisane dhoyong kedalna kang trep !

1. *Kanca-kanca* padha dolan rana.
2. *Kanca-kancane* padha tresna.
3. *Kancaku* sakelas ana patang puluh.
4. Yen kowe diundang *maraa*.
5. Yen ora diundang ora susah *mara*.
6. Limang atus kuwi rega *pokok*.
7. *Pokoke* aku sida melu.
8. Aku tukokna kacang *godhog*, Sri !

9. Yen gelem *nggodhoga* dhewe.
10. Enya, iki *godhogen* !
11. Endi *dakgodhoge*.

II. Maca titi

A. Wacanen batin banjur tembangna !

Cangkriman

(Pocung)

1. Bapak Pocung duwe tangan duwe gulu,
uga duwe awak,
ora duwe sirah sikil,
saben dina Si Pocung anguntal jalma.
2. Bapak Pocung sasedulur ana pitu,
tan ana kang padha,
mati enem urip siji,
dulur pitu tan nate urip barengan.
3. Bapak Pocung yen disawang adi luhung,
yen saka kadohan,
nanging lamun den cedhaki,
Legok geneng watu alas dadi juga.

B. Pitakon-pitakon iki wangsulana kang patitis !

1. Terangna dene wangsulane cangkriman-cangkriman nomer 1, 2 lan 3 iku *klambi, dina lan gunung*.
2. Kepriye guru wilangan lan dhongdhinge tembang Pocung ?
3. Gawea tembang Pocung sapada bae kang isi cangkriman !

III. Kawruh Basa

A. Tuladha :

- a. Saben dina si Pocung anguntal *jalma*.
- b. Saben dina si Pocung anguntal *uwong*.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. *Tan ana* kang padha, mati enem urip siji.
2. Bapak Pocung yen disawang *adi luhung*.
3. Nanging *lamun* dicedhaki legok geneng watu alas *dadi juga*.
4. Sang Prabu Harjunasasra ngandika *aris*.
5. Sang Prabu mesem jroning *kalbu*.
6. Sang Nata *bebisik* Prabu Rahwana.
7. Sang Partasuta *Palastra aneng madyaning palagan*.
8. Sang Dananjaya *manguntapa aneng wukir Indrakila*.
9. Sang Parta *kasinungan nugraha* ing Dewagung.
10. Prabu Niwatakawaca *tandya utusan ditya tindhihing jurit*.

B. Tuladha :

- a. Disambi cangkriman apa piye, *kareben betah melek*.
- b. Disambi cangkriman apa piye, *kanggo cagak lek*.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur nganggo tembung entar sing cumawis ing sisih tengen !

- | | |
|---|--|
| <ol style="list-style-type: none">1. Sawal kuwi <i>cengkiling</i>, pijer plak-plek nangani adhine.2. Yen gawe pawuhan milih papan sing <i>ora adhakan diambah uwong</i>.3. Omongan kok <i>ora runtut</i>, ora genah urut-urutane. | <ol style="list-style-type: none">a. ora karuwan bongkot pucukeb. entheng tanganec. kiwa |
|---|--|

- | | |
|---|--|
| <p>4. Maryam kuwi bocah pinter, manawa arep nyenyuwun bisa nangguh yen wong tuwane pinuju <i>lejar penggalihe</i>.</p> <p>5. Aris kuwi murid <i>kinasih</i>, amarga sregep, pinter lan ganep tata kramane.</p> <p>5. Wis, Dhi aku <i>trima kalah</i>.</p> <p>7. Mingun kae yen <i>memangan kudu akeh lan sarwa enak</i>.</p> <p>8. Darmi kuwi <i>seneng nyatur uwong</i>, mula digething tangga teparone.</p> <p>9. Wong resikan kuwi adhakane <i>ora gampang ketaman ing lelara</i>.</p> <p>10. Wong kok seneng temen njejaluk, kuwi jenenge <i>ora njaga awake supaya kajen keringan</i>.</p> | <p>d. pasrah bongkokan</p> <p>e. padhang langite</p> <p>f. ketengen</p> <p>g. tipis lambene</p> <p>h. mogel ilate</p> <p>i. ora njaga prajane</p> <p>j. kalis ing lelara</p> |
|---|--|

C. Tuladha :

- a. omongna , apa candhakane !
 b. *Gelis* omongna, apa candhakane !

Ukara-ukara iki ganepana kaya tuladha ing dhuwur nganggo tembung-tembung kang cumawis ing sisih tengen !

- | | |
|---|---|
| <p>1. Saya nyedhaki setasiyun lakune sepur</p> <p>2. Anggonmu maca aja seru-seru, bae .</p> <p>3. Coba titinen, urung-urung kuwi kesumpetan apa, banyune iline kok</p> <p>4. Entuk rong gongan iramane gendhing wiwit</p> | <p>a. sendhet</p> <p>b. rindhik</p> <p>c. liri</p> <p>d. remben</p> |
|---|---|

- | | |
|---|---|
| <p>5. bae anggonmu ngresiki tatune adhimu kuwi.</p> <p>6. Dhek jaman biyen priyayi putri kuwi yen dandan banget.</p> <p>7. Sing atimu, aja kemrungsung.</p> <p>8. Anggone mutus prakara rada saking akehe seksi sing kudu dirungakake paseksene.</p> <p>9. Sudir kuwi pancen marang pagawean, yen weruh pagawean ora tumuli cakcek lan cekat-ceket.</p> | <p>e. tamban</p> <p>f. alon</p> <p>g. tlendho</p> <p>h. rendhet</p> <p>i. sareh</p> |
|---|---|

D. Tuladha :

- a. Bapak arep njagong.
- b. Bapak arep *tindak* njagong.

Ukara-ukara iki ganepana kaya tuladha ing dhuwur nganggo tembung-tembung kang cumawis ing sisih tengen !

- | | |
|--|---|
| <p>1. Mas Jarot kepengin ngleboni Angkatan Laut nanging bapak ibu ora</p> <p>2. Aku kandha arep mulih nanging Diran ora</p> <p>3. Aku dhuwit ibu arep kanggo tuku buku wacan.</p> <p>4. Bapak dhuwit ibu kagem mundhut wiji orok-orok.</p> <p>5. Isine layange mas Bima kuwi bapak ibu tindak Jakarta sasi Ruwah ngarep iki.</p> | <p>a. nglilani</p> <p>b. marengake</p> <p>c. mundhut</p> <p>d. nyuwun</p> <p>e. nimbali</p> <p>f. ngaturi</p> |
|--|---|

- | | |
|---|--------------|
| 6. Surasane layange bapak
mas Teja mulih menyang desa. | g. maringake |
| 7. Aku arep sowan Pak Carik
. dhuwit tebasan pari. | h. nyaosake |
| 8. Pak Bayan tindak rene
layang wesel saka mas Suprat. | |

E. Tuladha :

- a. Bapak mriksani apa ?
- b. Bapak mriksani — balapan jaran.
— wayang uwong.
— gambaranku.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Jalal mangan apa ?
2. Ibu mundhut apa ?
3. Rusdi makani apa ?
4. Saleh nggambar apa ?
5. Simbah ngagem apa ?
6. Panut nggoleki sapa ?
7. Pak Lurah nimbali sapa ?
8. Kowe mau kepethuk sapa ?
9. Iki bukune sapa ?
10. Tarmana mau nggoncengake sapa ?

IV. Kasusastran

Wacanen kang patitis !

S e p i

Telenging ratri asurem
Peteng nyenyet asepi
Lagu kang lawas tanpa wiraga.

Rembulan enering cipta
Uga tan ana kemata.

Wengi kebacut anglangut
Lan lelimeng saya gumeleng.

Sansaya sepi samudaya
Pindhha puteg petenging nala
Pisah sing manggung pinüja.

(S. Pant — MB Basa Jawa No 7/II)

V. Maca lan nulis aksara Jawa

Wacanen banjur turunen !

1. a. b.
2. a. b.
3. a. b.
4. a. b.

W U L A N G A N VIII

I. A. Pacelathon

Tindakna !

Bocah Lola

Setyadi : "Sih, adhikmu ana ngendi ?"

Sihati : "Dhik Ris ta ?"

Setyadi : "Iya, iya."

Sihati : "Lho, aku ora ngerti ki, Mas."

Setyadi : "Apa ora pamit kowe ?"

Sihati : "Ora, dakarani matur penjenengan"

Setyadi : "Mesthine ora wani pamit aku, wong aku mau rada sereng."

Sihati : "Mas ki ndadak duka barang, adate rak ora tau ta."

Setyadi : "Apa aku nesu, mung pidhato we diarani nesu."

Sihati : "Nek pidhato thik keras temen, nganti sing krungu ngewel wedi. Kuwi pidhato gaya baru ta, Mas ?"

Setyadi : "Hara ta ya, rak nyemoni. Sing marakke kowe seneng gojeg, tur nganggo oyak-oyakan barang. Lha, nabrak cet, wutah. Sapa sing ora muring !"

Sihati : "Iya ya Mas, jan-jane aku sing luput. Lha piye, Mas, dhik Ris iki mengko. Piye nek nggeblas ora mulih ?"

Setyadi : "Wis ta mengko gampang dakgolekane. Kowe gek adusa kana aja bingung."

Sihati : "Tenan lho, Mas, penjenengan goleki lho. Aku mesakke dhik Ris. Awake dhewe ki rak wis lola ta, Mas."

Setyadi: "Wis ta aja susah, kabeh dakpikire. Kowe sing sabar bae, lan ngewang-ewangana nenuwun marang Allah."

Sihati : "Iya, Mas."

B. Ukara-ukara iki wacanen, tembung-tembung sing tulisane dhoyong kedalna sing trep !

1. a. Matine merga kena *aradan*.
b. Jam sanga esuk wong-wong kang padha amek iwak kuwi wis padha munggah menyang *dharatan*.
2. a. Wong kok *ajegan* njagakake wong liya.
b. Enya, iki *cepakan* tukon buku simpenen dhewe!
3. a. Iki *garapan* saka sekolahan.
b. Apa *sababe* dheweke kok sayah.
4. a. Adhine *dipapag* kana ta, Le !
b. Tamune *papakna* sing becik !

II. Maca titi

A. Wacanen sing titi !

Bocah Lola

Setyadi, Sihati tuwin Risnadi punika lare ingkang sampun lola. Piyambakipun dipun tilar tiyang sepuhipun kekalih kala taksih alit. Sejatosisipun sedherekipun boten namung tiga. Rumiya sedaya gangsal. Ingkang pambajeng gugur ndhepani nusa, mbelani bangsa lan negari. Tumut ngrebat negari saking cengkeremaning penjajah. Punika dados pemareming tiyang sepuh. Senajan getun nanging enggal saged dipun pupus, awit genah sampun arum namanipun. Balik ingkang satunggal tilar donya jalaran kenging aradan. Wonten Landi ngamuk, mbedhili tiyang ingkang kemliwer, kala jaman perang gerilya punika. Lare

nipun wangsul saking sekolah kenging lesaning mimis boten kejarag. Mengsah anggenipun mbedhili ngawag kemawon.

Lare tiga lajeng gesang piyambak. Setyadi kedadak dados bapak, ugi dados ibunipun lare kalih, adhi-adhinipun. Setyadi mbudidaya ngawontenaken sedaya kabetahaning kulawarga. Caranipun warni-warni. Sadaya wau pancen sampun dipun dhadhagi pun Setyadi. Tujunipun adhi-adhinipun kok sae-sae. Mbangun miturut lan boten nate ngresula. Lan, boten kepinginan kados umumipun lare. Dhah-teng pedamelan ngertos, malah kepara sregep.

B. Pitakon-pitakon iki wangsulana kang luwes nganggo basa krama !

1. Pira tunggale Setyadi ?
2. Saiki kari pira ?
3. Sing mbarep dadi apa ?
4. Sing sijine ajale marga apa ?
5. Sawise dadi bocah lola lan ditinggal sedulure loro kuwi Setyadi rumangsa kejibah apa ?
6. Apa kang njalari enthenge pikire Setyadi ingatase dheweke kudu nyangga butuhe kulawarga ?

III. Kawruh Basa

A. Tuladha :

- a. Sanajan getun nanging enggal saged *dipun pupus*.
dipun pupus = manahipun dipun selehaken.
- b. Tun, golekena *pupus mlandhing* arep dakenggo mopok tatune adhimu.
pupus mlandhing = ron ingkang taksih enem ing pucuk.

Terangna kaya tuladha ing dhuwur !

1. a. Wis surup kok pitike isih ana sing durung ngandhang, apa *dimangsa* luwak maneh.
b. Yen *mangsa kopi* ing Lampung prasasat udan dhuwit.
2. a. Tatune *dipopok* pupus mlandhing.
b. Yen gawe *popok* miliha mori sing alus lan empuk.
3. a. Njupuka *sulak*, Rit, kanggo nyulaki meja tulise ibu!
b. Pelem kemampo kuwi kulite ijo *sulak* kuning.
4. a. Sawo mentah kok dipangan, apa ora *sepet*.
b. Goleka *sepet* sing akeh mengko padha digawe ke-set.
5. a. Kamar ngarep disingget nganggo *rana*, separo kanggo kamar tamu sing separo kanggo kamar dhahar.
b. Adhimu tinggalen kene, sesuk dakterne *rana*.
6. a. Pabrik *waos* ingkang ageng piyambak sa Indonesia punika pabrik waos ing Cilegon.
b. Ingkang gereng-gereng punika bapak saweg gerah *waos*.
7. a. Gunung kuwi yen *disawang* saka kadohan katon asri, nanging yen dicedhaki wujud mung watu, padhas lan alas.
b. Ayo, cah, anggone reresik tumuli padha diayati, delengen kae tembok lan pyane kebak *sawang*.
8. a. *Wadhuking* manungsa lan kewan asikil papat iku peranganing weteng minangka papan pangejuring pangan.
b. *Wadhuk* Jatiluhur ing tanah Jawa Kulon iku wadhuk "serbaguna".

B. Tuladha :

- a. Setyadi, Sihati tuwin Risnadi punika *sedherek tunggil kringkel*.
- b. Setyadi, Sihati tuwin Risnadi punika *sedherek tunggil bapa biyung*.

Terangna kaya tuladha ing dhuwur !

1. Jarot kaliyan Wisnu punika tiyang sanes nanging sampun dados *sedherek sinarawedi*.
2. Paklik Santosa kaliyan ibu punika *sedherek nak dherek*.
3. Kula kaliyan Wahyuni punika *sedherek misan*.
4. Sudir punika *sedherek ipenipun yu Sri*.
5. Mas Gathot kaliyan mas Bambang punika *sedherek tunggil ngalap*.
6. Bu Mangku punika *marasepuhipun mbak Warni*.
7. Rusmi punika *sedherek pripeyanipun Siti*.
8. Pak Ali punika *besanipun Pak Cakra*.
9. Anusapati kaliyan Mahisa Wongateleng punika *sedherek asu*.

C. Tuladha :

- a. Ingkang pambajeng gugur *ndhepani* nusa lan bangsa.
- b. Ingkang pambajeng gugur *mbelani* nusa lan bangsa.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Ingkang satunggal-tilar donya jalaran kening *aradan*.
2. Mengsah anggenipun mbedhili *ngawag* kemawon.
3. Sadaya wau pancen *sampun dipun dhadhagi*.
4. Tujunipun adhi-adhinipun sae-sae, *mbangun turut* lan boten nate ngresula.
5. Kala semanten Setyadi *muring* saestu.
6. Kula saweg *ngudaraos* bab anggen kula badhe tuwi adhi kula, dumadakan mak jedhul piyambakipun dhateng.
7. Wiwit *dipun undhamana* anggenipun pijer ngresahi sedherek kala semanten punika, lajeng pet boten purun ngambah ngriki.

8. Adhi-adhinipun sami *dipun gadhang* dadosa lare ingkang migunani nusa lan bangsanipun.
9. Setyadi boten pisan-pisan *ngugung* adhinipun, awit Setyadi mangertos bilih lare ugungan punika temtu rekaos gesangipun tembe wingking.

D. Risnadi nyandhung mangsi, wutah.

Unen-unen "nyandhung mangsi" iku tembung *rusa basa* utawa tembung *salah kaprah*. Yaiku tembung sing salah nanging wis kaprahe ngono kuwi, yen dibenerake malah dadi ora lumrah.

Ukara-ukara ngisor iki rampungna, tembung-tembung kang tulisane dhoyong dadekna tembung rura basa !

1. Ibu *nggodhog*
2. Simbah *netel*
3. Bapak *menek*
4. Sawitri *ndondomi*
5. Wa Drana *ndhudhuk*
6. Wiji *nguleg*
7. Yanti *mbuntel*
8. Mariyam *ngenam*
9. Landhung *mikul*
10. Bandi *nyunggi*

E. Tuladha :

- a. Sihati dikon adus kakange. (ukara andharan).
- b. Sih, adusa kana ! (ukara pakon).

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. a. Marsam ditimbali ibu.
b. Sam,
2. a. Retna didhawuhi mulih.
b. Retna,

3. a. Andri didhawuhi ibu mangkat sesuk sore.
b. Andri, !
4. a. Endar didhawuhi bapak numpak sepur Senja bae.
b. Endar, !
5. a. Bocah-bocah didhawuhi pak guru nggawa piranti kanggo kerja bakti.
b. Bocah-bocah, !
6. a. Yanti didhawuhi ibu bukune Tomas supaya tumuli dibalekake.
b. Yanti, !
7. a. Panut diutus bapak sowan Wa Yasa nyuwun ngampil graji.
b. Nut, !
8. a. Tarsi didhawuhi ibu ngonceki gori.
b. Si, !
9. a. Sawal diutus ibune menyang pasar tuku janganan.
b. Wal, !
10. a. Ranti didhawuhi bapak tunggu omah, ora pareng lunga-lunga.
b. Ti, !

IV. Ngarang lan crita

Gawea karangan banjur critakna ing ngarep klas, milih salah siji irah-irahan ing ngisor iki !

1. Nglempakaken pangangge kangge mbiyantu para lare ing Panti Asuhan.
2. Kintun samukawis dhateng tetiyang ingkang nandhang korban lindhu.
3. Nulungi lare bingung ing peken malem.

W U L A N G A N IX

I. A. Pacelathon

Tindakna !

Televisi

- Nanang : "Mas, tevene kok ora disetel ?"
- Budi : "Mengko, Dhik, sinau dhisik. Kowe rak arep test ta ?"
- Ninik : "Iya ki, Nang, nggonku ya arep test."
- Nanang : "Mengko ya, Mas, saiki dak sinau dhisik tekan jam pitu."
- Budi : "Saiki wis jam setengah pitu, ki. Apa cukup sinau mung setengah jam."
- Ninik : "Nanang pinter kok, Mas, nek sinau dibiyaki sedhela bae wis rampung sabuku."
- Nanang : "Pancen kok, Mbak. Dak tonton gambare njaba bae kok, malah ora nganti limang menit wis beres."
- Ninik : "Ya, ya Nanang mbalap, kok, nesu ta dhik karo mbake."
- Nanang : "Ora, Mbak, mung anyel aku kosindhir. Ora-orane yen aku sinau mung tekan jam pitu tenan, apa niat mung dolanan thok."
- Budi : "Nik, adhimu rak cah bagus, wis ana SMP klas siji rak wis ngerti wajibe. Rak iya ta, Lik ?"
- Nanang : "Iya, Mas, aku ya seneng nonton teve ning wektuku sinau uga daketung-etung, aja nganti klepyan. Mbak Nik rak ya ngono ta ?"
- Ninik : "Heeh, Dhik, tibake nonton teve ki yen lali sinau ya gawe pituna."

Budi : "Wis kana, gek padha sinau. Mengko jam sanga apa jam sepuluh tevene disetel."

B. Wacanen, kedalna sing trep !

1. a. Tatag, teteg, bisa tutug.
b. Bapak mriksakake menyang dhokteran.
2. a. Mangan ora perlu dipeksa, wong wis wareg temenan.
b. Pak Digda mapag putrane.
3. a. Mas Totok tubrukan.
b. Ana grobag mandheg ing dalan totogan.
4. a. Paklik methuk bulik.
b. Bagya babag tandhing Pak Digda.
5. a. Bake mobil suwek buntele.
b. Durung tutug olehe rembugan wis krungu swara bedhug.

//. Maca titi

A. Wacanen sing titi !

O Teve !

Kutha Sondher dununge ana ing Sulawesi kepering lor. Ing kono akeh kebon cengkeh jembar-jembar. Ing mangsa panen Sondher kena diparibasakake udan dhuwit. Sing buruh ngundhuh bae tampane dhuwit buruhan ora sethithik. Apa maneh, sing duwe kebon cengkeh, dudu padon.

Dhek samana ana tani cengkeh kepingin tuku teve awit cengkehe ndadi. Dheweke krungu pawarta yen sedhela maneh ing tlatah kono wong-wong bakal bisa nyetel teve. Bubar adol panenane wong mau banjur gita-gita menyang Menadho tuku teve. Tekan ngomah tevene disetel. Kaya

ngapa bingunge wong mau, bareng weruh tevene ora njedhul gambare lan ora muni. Digoleki apa sababe ora kecekel, nganti gemrobyos meksa gagal.

Esuke teve dibalekake nyang toko karo kandha yen teve sing digawa kuwi jebul teve bobrokan. Kandha ngono kuwi karo nesu-nesu.

Klawan sabar lan tlaten sing duwe toko awèh katrangan yen tevene pancen anyar gres, dudu teve bobrokan. Dene anggone ora bisa nyaut jalaran anggone mbangun stasiun kanggo tlatah kono pancen durung rampung. Mula disetal-setela iya ora bakal bisa nyaut. Isih kudu sabar sawetara. Krungu katrangan ngono kuwi wong mau mlongo lan njaluk ngapura, terus mulih karo grenengan, nyangking tevene : Oh, teve teve.

B. Pitakon-pitakon iki wangsulana kang trep lan lawes !

1. Lelakon apa kang kasebut ing crita ing dhuwur kuwi ?
2. Ana ing ngendi kelakone ?
3. Bareng digoleki bab rewele teve ora bisa ketemu wong mau banjur kepriye ?
4. Apa sababe teve kuwi ora bisa nyaut ?
5. Apa paedahe wong duwe watak sabar ?

III. Kawruh Basa

A. Tuladha :

- a. Kutha Sondher dununge ana ing Sulawesi *kepering lor*.
- b. Kutha Sondher dununge ana ing Sulawesi *sisih lor*.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Apa maneh sing duwe cengkeh, tampane dhuwit *dudu padon*.

2. Dheweke krungu pawarta manawa ing *tlatah* kono sedhela maneh wong-wong bakal bisa nyetel teve.
3. Bubar adol panenane wong mau banjur *gita-gita* menyang Menadho tuku teve.
4. Wong mau banjur mulih karo *grenengan*.
5. Anggone arep dandan-dandan omah *kagol* amarga dhuwit panenane kopi kanggo nambakake anake.
6. Diaruh-aruhi ngono bae kok banjur *mutung*, dadi wong kuwi bok aja kebangeten anggone cupet pikire.
7. Nasri kuwi bocah *gathekan*, diterangake sepisan terus ngerti lan cemanthel.
8. Budi kuwi bocah *cugetan*, ora kena kecenthok rembug.

B. Tuladha :

- a. Kutha Sondher iku ana ing Sulawesi kepering lor.
- b. Kutha Sondher iku *dununge* ana ing Sulawesi kepering lor.

Titik-titik ngisor iki isenana nganggo tembung-tembung kang cumawis ing sisih tengen !

- | | |
|---|-------------|
| 1. Bareng wis dhodhok selehe prakara Darwis lagi lega atine. | dumunung |
| 2. Tlaga Sarangan iku ana ing ereng-erenge Gunung Lawu. | dunung |
| 3. Prabu Duryudana nata ing negara Astina watak angkara. | padunungan |
| 4. Kepriye dhuwit iki, kowenehake apa koutangake. | dununge |
| 5. Untung wis bisa lumebu ing tengah - ing alas Pangeran Purbaya. | kadunungan |
| 6. Sih, bolah iki, Nduk, Ibu ora pati premana ! | didunungake |
| 7. Rakyat wis padha perlune ana ada-ada transmigrasi ! | kesurupan |

8. Sowana pamanmu nyuwuna pretikele wong lelungan menyang negara manca.	sesurupan surup
9. Pangirane tangga teparo si Tulus iku anggone ndleming jalaran , nanging sanyatane saking panase.	sumurup
10. Jalal dunungna, aja kongsi seling	surupna disurupake

C. Tuladha :

Sing duwe toko kandha manawa tevene kuwi isih
anyar gres, dudu teve bobrokan.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. *Teka*, salin sandhangan, banjur *lunga*
nggawa walesan.
2. Lagi *lungguh*, banjur *ngadeg*, cilang-
cilileng kaya wong kelangan.
3. Ngerti manawa sing duwe omah nglilir malinge banjur
mlayu
4. Mbeneri tekan tengah bulak dumadakan *udan*
aku ora bisa ngeyub.
5. Yen kowenehake saiki mesthi *dakbayar*, ora
ngenteni sesuk-sesuk.
6. Watake si Sukra yen omong *sok*, ora nganggo
tedheng aling-aling.
7. Sardi nyampluk teplok, lengane muncrat ngenani
gedhek, banjur *mubal*, kobongan.
8. Aku gumun, ingatase playune banter kok bisa *man-
dheg* lan ora ngglimpang.
9. *Tangi* aku menyang kolah banjur ngangsu.
10. Omahe *ditinggal*, wong saomah padha nonton
karnaval.

D. Tuladha :

- a. Nanging pinter kok, Mas, nek sinau dibiyaiki sedhela bae wis rampung *sabuku*.
- b. Nanang pinter kok, Mas, nek sinau dibiyaiki sedhela bae wis rampung *buku siji*.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Setyadi *saadhi-adhine* kedadak urip dhewe, amarga ditinggal wong tuwane sakloron.
2. Kretane diedol *sajarane*.
3. Aku titip tukokna lenga klentik *sacanthing* bae.
4. Aku mau weruh ula sawa gedhene *salengen*.
5. *Sapungkurmu* dhek wingi kae embah rawuh didherek-ake Yonatan.
6. Adhimu bagehana *salilamu*.
7. Adhimu entenana *saentuke* tumpakan.
8. Sujak kuwi kebangeten kesede, *seminggune* olehe ora mlebu sekolah sethithike rong dina.

E. Tuladha :

- Sawal didhawuhi adus. (ukara andharan).
- a. Wal, adusa ! (ukara pakon).
 - b. Sawal didhawuhi apa ? (ukara pitakon).

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

1. Jamal didhawuhi mulih.
2. Sapar didhawuhi ngarit.
3. Rejeb didhawuhi nyapu latar.
4. Paing didhawuhi nata kamar.
5. Kliwon didhawuhi tunggu pari ana sawah.
6. Randi didhawuhi ndandakake radhio.
7. Warih didhawuhi cukur.
8. Ranta didhawuhi ngombe jamu.

9. Warlan didhawuhi nguras kolah.
10. Mufid didhawuhi gawe pawuhan.

IV. Kasusastran

Guritan ngisor iki wacanen kang patitis banjur apalna !

Pasrah

Pandongan konjuk ing Pangeran.

Rikala sakupeng kula sepi
O, Gusti pepundhen mami
Kawula nothok gapura suci
tuwin atur kawula:
Kaparingana kawula toya.

Lir sangsam ngajeng-ajeng toya
Makaten alum nyawa kawula
Mangka tan wonten saweneh toya
Kwangang nyirep ngoronging donya
Anjawi kang saking Paduka.

O, Gusti Rajaning Raja
Mugi kepareng amelasana
Aparing tentreming nyawa.

Kawula nyuwun regeming asta
Sarta ayoming swiwi Paduka.

*(S. Pant — Medan Bahasa Basa Jawi
Nomer 7 Juli 1957).*

V. Maca lan nulis aksara Jawa

Wacanen/tembangna banjur turunen !

Handwritten Javanese text in a stylized script, possibly a form of *tembang* (Javanese poetry). The text is arranged in several lines, with some characters appearing to be part of a specific dialect or style. The characters are dark and somewhat cursive, with some diacritics visible. The text is centered on the page.

(Tata Sastra)

W U L A N G A N X

I. A. Pacelathon

Tindakna !

Dinten Pahlawan

Widayat : "Bapak, kula nyuwun priksa punapa kepareng?"

Bapak : "Apa ta, Dayat, kok sajak wigati, kadingaren temen."

Widayat : "Inggih, Pak, punika punapa babagan dinten pahlawan."

Bapak : "Iya kene mumpung Bapak longgar. Sing ora ngerti apane?"

Widayat : "Werni-werni, Pak. Cobi nyuwun priksa rumiyin bab tembung pahlawan, punika werdi-nipun kados pundi?"

Bapak : "We lha kepeksa njupuk kamus iki, amarga iku dudu basa Jawa asli."

Widayat : "Basa punapa, Pak, sekawit?"

Bapak : "Yen ora kliru iku basa Sanskrit uga diarani basa Sanskerta. Coba golekana dhewe dhisik, enya kamuse."

Widayat : "Cobi-cobi inggih, Pak, dangu inggih kajengipun waton kepanggih."

Bapak : "Lha iya, dadi bocah kudu tlaten lan taberi."

Widayat : "Wah, boten wonten punika, Pak. Punapa sanes tembung lingga inggih?"

Bapak : "E e e e, wis tita ta kowe. Pancen angel tur kuwi dudu tembung lingga, wis dirimbag."

Widayat : "Mangga, Pak, tibakipun boten baen-baen."

- Bapak : "Kene kene dak terangake. Pahlawan saka tembung Sanskerta phala karo wan."
- Widayat : "Kula wau inggih badhe matur mekaten, Pak, nanging kesupen."
- Bapak : "Iya ta ya, wong kari melu payu we, ndadak matur kesupen barang. Wong lali ki rak maune wis tau ngerti."
- Widayat : "Kesinggihan, Pak. Tiyang namung katimbang boten matur. Lajeng, phala punika kados pundi Pak, werdinipun ?"
- Bapak : "Phala tegese woh. Yen basa Indonesiane buah utawa jasa. Yen tambahan wan rak wis ngerti ta, yaiku kang kadunungan sipat linuwih, becik, utama, akeh, lan liya-liyane."
- Widayat : "O, dados pahlawan punika tiyang ingkang sampun kathah lelabetanipun. Punapa ngaten, Pak ?"
- Bapak : "Lha iya, gene pinter."

B. Wacanen lan ucapan kang trep manut rasane !

1. a. Apa kowe kepengin klambi anyar, Rit ? (pitakon)
b. Apa kang digayuh wis kelakon kabeh. (andharan)
2. a. Sapa sing diadili dhek wingi kae ? (pitakon)
b. Sapa nerak angger-angger bakal nampa pidana. (andharan)
3. a. Pira butuhe dhuwit ? (pitakon)
b. Pira butuhe dhuwit diparingi. (andharan)
4. a. Sepira gedhene Andi saiki ? (pitakon)
b. Sepira gedhene atine ora bisa digambarake. (andharan)
5. a. Genea adhimu nangis ? (pitakon)
b. Genea saiki ngrampek-ngrampek, andekna maune kok anggep temen. (andharan)
6. a. Kepriye carane nggarap PR iki ? (pitakon)
b. Kepriye rekadayane, aku ora ngerti. (andharan)

A. Wacanen kang titi !

Dinten Pahlawan

Bangsa Indonesia asring sanget mengeti dinten ageng. Kadosta dinten Kartini, Pendidikan Nasional, Proklamasi Kamardikan lan sanes-sanesipun.

Makaten ugi dinten ageng dinten Pahlawan. Dinten Pahlawan punika dhawah ing tanggal 10 Nopember. Dinten Pahlawan perlu sanget dipun pengeti ing sadhengah bangsa Indonesia minangka pangemut-emut lan kangge mahargya lelabetanipun para kusumaning bangsa ingkang sampun ngrumiyini marak ing Pangayunaning Pangeran minangka tebusaning kamardikan.

Kala taun 1945, wulanipun Nopember, para nem-neman ing Surabaya kathah ingkang gugur ndhepani tanah wutah rah. Amargi kala semanten wonten pasulayan rembag lan pemanggih, daredah antawisipun bangsa kita ingkang mentas kemawon ngumandhangaken proklamasi kamardikan kaliyan Inggris lan Walandi ingkang kepengin wangsul njajah negari lan bangsa Indonesia. Bangsa Indonesia boten lila sumerep krenahipun bangsa sanes punika.

Para mudha makantar-kantar semangatipun, cancut taliwanda boten wigih-wigih mbelani nusa lan bangsa, ngantos dipun tohi pecahing jaja wutahing ludira.

Engga sapriki aruming namanipun, dipun pengeti saben tanggal 10 Nopember, winisudha dados kusumaning bangsa, ugi kawastanan pahlawaning bangsa.

B. Pitakon-pitakon iki wangsulana kang patitis abasa krama!

1. Tanggal pira pengetan dina Pahlawan kuwi ?
2. Anane pengetan iku marga prastawa ing ngendi ?
3. Ukara endi kang nuduhake gedhening lelabuhane para mudha duk samana ?
4. Nganti taun iki dina Pahlawan iku wis dipengeti ping pira ?
5. Sajroning padha mengeti dina Pahlawan apa sing wigati ?
6. Yen kowe ngeningake cipta mengeti dina Pahlawan, ing batin kowe muni kepriye ?

III. Kawruh Basa

A. Tuladha :

Dinten Pahlawan perlu sanget dipun pengeti ing *sadhengah* bangsa Indonesia.

sadhengah = sinten kemawon boten pilih tiyang

Terangna kaya tuladha ing dhuwur !

1. Pengetan dinten Pahlawan punika minangka pang-emut-emut lan kangge *mahargya* lelabetanipun para Pahlawan.
2. Kala semanten wonten *daredah* antawisipun bangsa Indonesia kaliyan bangsa Inggris lan Walandi.
3. Bangsa Indonesia mentas kemawon *ngumandhangaken* proklamasi kamardikanipun.
4. Bangsa Indonesia boten lila sumerep *krenahipun* bangsa manca wau.
5. Para mudha boten *wigih-wigih* mbelani nusa lan bangsanipun.
6. Anggenipun mbelani nusa lan bangsanipun *dipun tohi pecahing jaja wutahing ludira*.
7. Engga sapriki namaning para mudha wau tetep arum,

winisudha dados kusumaning bangsa.

8. Tembung pahlawan punika *werdinipun* tiyang ingkang sampun kathah lelabetanipun.
9. E e e e, wis *tita ta*, kowe ?
10. Wong kari *melu payu* we kok ndadak matur kesupen barang.

B. Engga sapriki para mudha wau *arum namanipun* winisudha dados kusumaning bangsa.

"arum namanipun" iku tembung entar, tegese : namanipun tansah dipun mulyakaken awit ageng lelabetanipun.

Ing ngisor iki unen-unen, jenenge sanepa.

Mara tegesana !

1. Gandanipun *arum jamban*.
2. Kawruhipun *jero tapak meri*.
3. Cayanipun *abang dluwang*.
4. Rembagipun *peret beton*.
5. Sambutanipun *arang wulu kucing*.
6. Polahipun *anteng kitiran*.
7. Badanipun *kuru semangka*.
8. Polatanipun *bening leri*.
9. Raosipun *legi bratawali*.
10. Tatunipun *arang kranjang*.

C. Tuladha :

1. Bangsa Indonesia boten lila krenahipun bangsa sanes wau.
2. Bapak Lurah srah-srahan warisan tilaranipun swargi Embah.

nekseni — sumerep — ngenangi

1. Bangsa Indonesia boten lila *sumerep* krenah-
ipun bangsa sanes wau.
2. Bapak Lurah *nekseni* srah-srahan warisan tilar-
anipun swargi Embah.

Gawenen kaya tuladha ing dhuwur !

- | | |
|---|-----------|
| 1. Gendheng ingkang pecah sampun kula | lintoni |
| 2. Buku kagunganipun pak guru ingkang kula icalaken badhe kula | santuni |
| 3. Dhuwung punika, wilahan sarangka-nipun, dipun Rp 25.000,00 kanthi sareman 1% sewulanipun. | gantos |
| 4. Dumugi ing griya Widayat lajeng pangangge. | lintu |
| 5. Sepatu ingkang kula tumbas kala wingi punika radi kaliten, sapunika kula badhe nyuwun | santun |
| 6. Punika leres tiyang-tiyang ingkang sami nenepi ing sacelaking rawa punika sami dipun uling ? | gantosi |
| 7. Rekadayanipun Yusuf sampun dipun pangagengipun. | kenangi |
| 8. Dereng ngantos rampung anggen-ipun damel babahan pandung pu-nika sampun dipun tiyang rondha. | sumerepi |
| 9. Namung prakawis arta Rp 25,00 kemawon dipun rencangi paben, boten lingsem dipun tiyang sapeken. | tingali |
| 10. Prasapanipun Mahapatih Gajahmada dipun Sang Prabu ing Maja-pait dalah para priyagung ingkang kaleres pinuju sami marak. | sekseni |
| | sumerep |
| | ketingali |

D. Bocah nyuwun wuruk marang wong tuwane iku jeneng wis samesthine. Nanging ana kalane wong tuwa njaluk wuruk marang anake; Iha iki sing klebu ing saloka : Kebo nusu gudel.

Mara terangna tegese saloka-saloka ngisor iki !

1. Kebo mulih ing kandhange.
2. Kebo lumumpat ing palang.
3. Pecruk tunggu bara.
4. Endhog kecepit ing watu.
5. Palang mangan tandur.
6. Kutuk marani sunduk.
7. Kethek saranggon.
8. Kempladayan ngajak sempal.
9. Iwak klebu ing wuwu.
10. Sapu ilang suhe.

1. Dadekna ukara tanggap !

- a. Nyata nyuwekake bukuku.
- b. Ibu nimbali mas Aru.
- c. Jarot nggawakake tase Minggu.
- d. Salekan ngilekake banyu.
- e. Godril njothak Paat.

2. Dadekna ukara tanduk !

- a. Anggreke disirami Fatonah.
- b. Gathot didukani Pak Mantri.
- c. Bukuku diilangake Petrus.
- d. Ambar digoncengake Sinta.
- e. Murti didangu Pak Guru.

3. Ukara-ukara iki udhalen manut lungguhe !

- a. Ibu mundhut jamu.
- b. Lik Lanjar ndandosi pager.
- c. Bapak nawu blumbang.



